ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУОГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№153 (23.810) ● 2018 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Адыгэ лъэпкъым и насып ин Темыркъан Юрий

● Юбилей

«Дуней псом щыщІэрыІуэ дирижёр», «Макъамэбзэм и пащтыхь», «Иджырей зэманым и дирижёр щэджащэ», «Дирижёр Іуэхум и тхьэ» цІэ лъагэхэр зыфІаща, дуней псом и макъамэ гъэзэджэм зи цІэр щыпэрыт, зи щІыхьыр Урысей Федерацэм щынэхь лъагэхэм ящыщ ди лъэпкъэгъу Темыркъан Юрий Хьэту и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 щрикъур УФ-м и мызакъуэу, дуней псом щагъэлъэпІащ. Санкт-Петербург дэт Академическэ филармонием и оркестрым и унафэщІ икІи и дирижёр нэхъыщхьэ Темыркъаным а филармонием къыщыхуэзэгъэпэща фестивалым къэрал куэдым я лІыкІуэхэр еплъыну, макъамэм и Іэфы ІыкІэ загъэнщІыну къэкІуат.

КЪБР-м къыбгъэдэкІыу ди лъэпкъэгъу ахъыррэзэным и махуэм хэтащ УФ-м ЩынагъуэнщагъэмкІэ и Советым и Секретарым и къуэдзэ КІуэкІуэ Юрий. КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек, ЦІыхухэм я хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэ Зумакулов Борис, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуроку Хьэутий сымэ.

ТЕМЫРКЪАН Юрий и щІыхьыр щаІэта пшыхьыр къаззрыщыхъуамкІэ къыддэгуэшащ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**:

- Темыркъан Юрий макъамэ гъэзэджэм и закъуэкъым щыпащтыхьыр, ар цІыхугъэ лъагэм и щапхъэщ, цІыху Іэдэбщ, хьэл дахэ куэдзиІэ адыгэлІщ. А псом я щхьэжщ цІыху къызэрыгуэкІыу, зэпІаззэрыту къызэрызэтенар. Илъэс 14-м иту ар республикэм зэрикІам куэд щыгъуазэщ, ауэ абы Іурылъ адыгэбзэм и къабзагъымрэ и дахагъымрэ зыщІэр мащІэ дыдэщ. Абы музыкэми дунейми езым и еплъыкІэ, бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ щиІэжщ.

«Темыркъаным музыкэм къыщигъэсэбэп Іэмал щхьэхуэм мэгъу къару хэлъ хуэдэ узэщІеубыдэри макъамэм и дуней телъыджэм уиешэ», - ди къэралым и Президент Путин Владимир а пшыхьым щыжиІа мы псалъэхэм гушхуэнгьэ ин къыпхалъхъэ.

Фестивалым зыкъраГъэхьэлІат дунейм и къэрал куэдым я лІыкІуэхэм. Музыкант нэхъыфІу щыІэр щызэхуашэат абы.

Къыхэгъэщыпхъэщ фестивалым къыщыІуну макъамэхэмрэ ар къызэрагъэІуну щыкІэмрэ щІидзэху зым кэрамыгъащІэу щэхуу зэраІыгъар. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и учэфэщІ Матвиенкэ Валентинэ къыщыпсалъэм жиІащ: «Темыркъаныр адрей дирижёрхэм хуэдэу баш цІыкІуІэкъым зэрылажьэр, ар и оркестрым Іэпхъуамбэкіэ йопсэлъэф, ардуэдзкІэ псэкІэ зэрощІэри».

Мы зэІущІэм илъэскІэ зыхуагъэхьэзыращ. Абы дунейм музыкант нэхъыфІу тетыр хэтти, макъамэм и Іу-тІыжт а махуэр.

Іэхум и етІуанэ Іыхьэр Юсуповым и уардэунэм щекІуэкІащ. ЖьантІэм дагъэтІысхьа Темыркъаным бгъэдэсащ къэралым и унафэщІхэр. Абы къыбгъурытт КЪБР-м икІа лІыкІуэхэм ди тІысыпІэри. Темыркъаным и бгъум Путин Владимир щысти, «Къызэхъуэхъуну къэкІуа си лъэпкъэгъуэхэр», - жиІэу дыщригъэцІыхум сэлам гуапэ къыдихри, къыдэхъуэхъуащ. Матвиенкэ Валентинэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимир, нэгъуэщІ куэди къыдбгъэдыхьэрэщІкІэ ди лъэпкъэгъу ахъыррзэманым теухуауэ пщІы дахэхэр къыджаІаащ.

«Темыркъан Юрий хуэдэ куэд фи лъэпкъым къыхэкІыну сынывохъуэхъу, ауэ къыхэзгъэщынут ар адыгэм и мызакъуэу, къэралым цІыхуу исым, макъамэ гъэзаджэр фІыуэ зыльагъу псоми яйуэ къызэралытэр», - къыжиІащ Матвиенкэ Валентинэ ди гупым закъыхуигъаазэри.

А пшыхьым щызэхэсха, Юрий и ГъащІэм хэсщІыкІ псори зэхэслъхьэжу жысІэну сыхуейт ар адыгэ лъэпкъым насып ину къыдитауэ къызэрысльытэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● КъБР-м и Парламентым

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ зопсалъэ

Республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэм щІалэгъуалэр къраГъэблагъащ. Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентым Республикэмкіэ и Советым и япэ, етІуанэ зэхуэсыгъуэхэм и унафэщІым и къуэдзэу, КЪБР-м и Парламентым и ещанэ зэхуэсыгъуэм и УнафэщІым и къуэдзэу щыта Федченкэ Людмилэрэ КЪБР-м и Парламентым Республикэмкіэ и Советым и етІуанэ зэхуэсыгъуэм и депутату, еплІанэ зэхуэсыгъуэм и УнафэщІу щыта Ченков Ануарр э.

ЗэІУЩІЭР къыщызэІуихым, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ** жиІащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм щІалэгъуалэр щІэх-щІэхыурэ къыззрыгагъэблагъэр. Апхуэдэ зэІущІэхэм щІэблэр Парламентым и лэжьыгъэм щыхагъэгъуазэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъэм я тхыдэм, лъэпкъ политикэм щытопсэлъыхь, къищынэмыщІауэ, жылагъуэ Іэхуэхэм дегъэхьэхьныжьмкІэ сэбэп пылъщ.

- Мы гъэм догъэлъапІэ Урысей Федерацэм и Конституцэр къызэращтэрэ илъэс 25-рэ зэрыриІыр. Илъэс 25-кІэ узэІэбзэКІыжмэ, 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІауэ щытащ республикэм и хабзэубзыху органыщІэм - КЪБР-м и Парламентым - и япэ хэхныгъэхэри. Ди нобэрей зэІущІэр а ІуэхугъуитІым етпхащ, - жиІащ Іэзычэм.

КЪБР-м и Парламентым зэрызиужьамрэ мы зэманым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэмрэ щІалэгъуалэр хагъэгъуэза нэужь, абыхэм я упщІэхэр хьэщІэхэм иратыну Іэмал яІащ.

ЗэІущІэм щхьрихьэлІат КъБКъУ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ я студентхэмрэ Налшык къалэм и курыт еджапІэ №95-мрэ Бахъсэн къалэм и курыт школ №93-мрэ щеджэхэмрэ. Ахэр щІэупщІащ республикэр мы зэманым зыпэщІэт гугъуехьхэр зыхуэдэм, депутат хъун щхьэкІэ щІапхъэхэм, нэгъэущІхэми.

Федченкэ Людмилэ щІалэгъуалэм яжриІащ гугъуехьхэр сыт щыгъуи куэд зэрыхъур, ауэ УФ-м и Президентым къэрал унафэщІхэм къалэн нэхъыщхьэу ахуигъэувыр - цІыхухэм я псэукІэр нэхъыфІ щІыныр - зэрынэхъапэр.

- КЪБР-м и Парламентым и япэ зэхуэсыгъуэм къыщыщІэдзауэ дытопсэлъыхь республикэм дотащэ ахъшэ къэралым къыІимыхьу, езым къилэжьыжьмкІэ ирикъу щІналъхъэм щыщ тщІыным. Ауэ ар пхуэзфІэкІыныр куэдым елъытащ: псом япэу промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм, адрейхэми зегъэужьын хуейщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, щІналъхъэм яІэщ я социально-экономикэ зыужьынымгъэм теухуа программэхэр, абыхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зрагъэхъулІэным елэжьу, - жиІащ Федченкэ.

Анэдэлъхубзэкэр зэрырагъэдж щыкІэм зэрытегуэзвыхыр къыхагъэщу, щІалэгъуалэм депутатхэм зыхуагъэзащ хабзэ и лъэныкъуэкІэ къащта зэхъуэкІныгъэхэм къахутепсэлъыхьыну. Федченкэ Людмилэ жиІащ абы КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм мызэ-мытІэу зэрыщытепсэлъыхьар икІи я анэдэлъхубзэр яджныжьмкІэ зыри зэран хъун зэрыхуэмейр къызэрагъэлъэгъуар. «Бзэр щы-Іэмэ, лъэпкъри щыІэщ. А тІур зэгуэзыпІэ имыІэу зэпыщІащ. Псом хуэмыдэу а Іуэхум Урысейм сыт щыгъуи гулъытэщхуэ щиІэн хуейщ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд хуэдэ къралым зэрисым къыхэкІыу. Сэ си фІэщ хъуркъым я быным я анэдэлъхубзэр ирагъэджыну хуэмейуэ адэ-анэхэм къахэкІыну. Аращи, мыбы теухуауэ гугъуехь щыІэпхъэкъым», - жиІащ Федченкэ.

Чеченов Ануари дыщІигъуащ зи анэдэлъхубзэр зыджыжьыну хуейм зыри зэрыпэрымыуэнур икІи щхьэхуэм езыхэм зэрелъытар абы и щытыкІэр.

Нэхъыжьхэм щІалэгъуалэм чэнджащ иратащ жылагъуэ лэжьыгъэхэм жьыджэру хэтыну, политикэм дихьэххэм я Іуэху еплъыкІэр нэхъ тегушхуауэ къагъэлъэгъуэфу загъэсэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и Іэтащхьэ

КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм и Іуэхущ Іапі э зыбжанэм щыІащ

КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и Іуэхущ Іапі э щхьэхуэхэм: Республикэ клиникэ сымаджэщым, Шэджэм район сымаджэщым, Онкологие диспансерым щыІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Хъубий Марат, Налшык къалэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз сымэ щыгъуэу еплъащ Республикэ клиникэ сымаджэщым и торакальнэ, хирургие, урологие къудамэхэм, лъэнтгъэхэмкІэ центрым, фэбжьхэм щІэзэз Іэнатіэм. Абыхэм щылажьэ Іэщ Іагъэпіхэм хьэщІэхэр щыгъуазэ ящІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэу мы зэманым иратхэм. Къапщтэмэ, 2018 гъэм къриубыдэу апхуэдэ операцэ зэмылІэужьыгъуэу ди деж 190-рэ хуэдизу щащІащ.

Шэджэм район сымаджэщым КІуэкІуэ Казбек къыщызэхикІухьащ хирургие, нэм щеІэзэ, неврологие къудамэхэр. КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къыхигъэщхьэхуэкІащ терапиемкІэ къудамэм и унэр яГъэува пІалъэхэм къриубыдэу зэрагъэпэщжьын, ар зыхуей мылькумрэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщын зэрыхуейр.

Онкологие диспансерым щеплъым нэхъ къыхагъэщхьэхуэкІащ абы псэуалъэхэмрэ унэхэмрэ къызэремэщІэкІыр. КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым зэрыжиІамкІэ, хирургие, химиотерапевт къудамэхэр Перинатальнэ центрым иІыгъуу щыта унэм, Шортэным и уэрамым тетым, зэрагъэІэпхъуэнур. Апхуэдэу абы ягъэкІуэнщ реанимацэмкІэ къудамэри. Иджыпсту Онкологие центрым иІыгъ унэр зэгъэпэщжьын яуха нэужь поликлиникэмрэ махуэ стационарымрэ нэхъ ин ящІынущ.

Медицинэм и лэжьакІуэхэм, абыхэм я унафэщІхэм, сымаджэхэм щепсалъэм къыхэкІыжьхьэхуэкІащ Іэнатіэр зыхуеину хуэдизкІэ къызэрызэрагъэпэщыр, медицинэм и лэжьакІуэхэм я лэжьапІэр зэрырат щыкІэр, Іэщ Іагъэлілхэм я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ зэрыхагъахъуэр, нэгъуэщІхэри.

А махуэ дыдэм КІуэкІуэ Казбек еплъащ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и автомашинэу иджыблагъэ республикэм къыІэрыхьахэм. Ахэр я бжыгъэкІэ 23-рэ мэхъури, зэман гъунэгъум кэриубыдэу иратынущ ГуэзвэгъуэхэмкІэ медицинэм и центрым, Налшык дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ и станцым, мелицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ район ІэнатІэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Гуэвэгъуэ хэхуахэм ядэІэпыкъуным хуэгъэза Іэмэпсымэщ Іэ ягъэунэху

2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм ягъэунэхун папщІэ лажьэу щаутІыпщынущ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэм ядэІэпыкъу Іэнатіэ псори «112» номерымкІэ къызэрыраджэ системэ.

«СИСТЕМА-112» Іэмэпсымэр иджыпсту щагъэунэху Налшык къалэм, Шэджэм, Аруан районхэм. «Щынагъуншагъэ здэщыІэ республикэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм и центрым зэхуэхьэс икІи зэбгрыкІыж телефон псалъэмакъ псори. 2018 гъэм и фокІадэ мазэ лъандэрэ центрым а системэмкІэ къыІэрыхьащ хъыбар мин 28-м щІигъу.

Мы Іэмэпсымэр зыхуэунэтІар зи гъащІэм, узыншагъэм шынагъуэ къытехьа цІыхухэм икІэщІыпІэкІэ ядэІэпыкъунырщ, муниципальнэ щІыналъэхэм я диспетчер Іэнатіэ зэгуэтхэр информацэкІэ къызэгъэпэщынырщ, къызэрымыкІуэ къэхъуакъащІхэм къахь хэщІыныгъэхэр гъэмэщІынырщ.

Бахъсэн район администрацэм щызэхэтащ «Щіалэгъуалэр коррупцэм, терроризмым, экстремизмым и бийщ» социальнэ рекламэмкІэ ирагъэкІуэкІа щыпІэ зэпеуэм щытекІуэхэр щагъэлъапІэ зэІущІэ.

АР ирагъэкІуэкІащ «2017-2020 гъэхэм Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм коррупцэм щыпэщІэтын», «2016-2020 гъэхэм Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм терроризмымрэ экстремизмымрэ щымымгъэхъуэн» районым программэ хэхахэр гъэзэщІэным ипкъ иткІэ.

Зэпеуэм хэтащ зи ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ 35-м нэсхэр. Лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ «Дэ коррупцэм дыпэщІэту», «Терроризмымрэ экстремизмымрэ щымыгъэІэн» унэтІыныгъэхэтІымкІэ. Ахэр къыщащІыщІэм гулъытэ хуащІащ щІэщыгъуагъэм, гупсысэщІэ къыщыгъэлъэгъуам.

ТекІуахэр щІыхь тхылърэ ахъшэ саугъэтхэмкІэ игъэпэжащ Бахъсэн район администрацэм хабзэхъумэ органхэм ядэлэжьэнымрэ коррупцэ щымыгъэІэнымкІэ и управленэм и унафэщІ Тохъутэмыщ Мухьэмэд. Абы жиІащ апхуэдэ зэпеуэхэм щІалэгъуалэм социальнэ гугъуехьхэм хуаІэ щытыкІэр, хэкІыпІэу къалъытэхэр къалъэлъэгъуэнымкІэ, социальнэ рекламэм зиужьыным хэлъхьэныгъэ хуащІну Іэмал къызэрыритыр.

ЧЫЛАР Ариндэ.

ТекІуахэр ягъэлъапІэ

НОБЭ

♦ЦІыхухэм я зэкъуэтынигъэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэралым шынагъуэншагъэ къыщыщІэзгъэпэщынымкІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1699 гъэм Пётр Езанэм Іэ тридзащ Урысейм Илъэсыщ Іэр щыщагъэлъапІэ махуэу щІышьлэм и 1-р гъэувыным теухуа унафэм. Нэхъапэм ар фокІадэм и 1-м ягъэлъапІэу щытащ.

♦1706 гъэм сыхьэтибгъум Москва Кремлым и Спасскэ чэщанэм япэ дыдэу къыщеуащ абы щагъэува сыхьэтыр. Тхьэгъуэ 33-рэ зыхэт а сыхьэтыр Пётр Езанэм Голландием щригъэщІат.

♦1828 гъэм Канадэмрэ Урысей империемрэ дипломатие зэхущытыкІэхэр яку дэлъ хъуащ.

♦1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу ягъэуват Дзержинский Феликс.

♦1920 гъэм ВЧК-м хэту къызэрагъэпэщащ хамэ къэралхэм щылэжьэным хуэгъэпса къудамэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэм тІасхъэщІэх лэжьыгъэрт.

♦1938 гъэм СССР-м и ЦІыхубз комиссархэм я советым унафэ кыдигъэкІащ лэжьакІуэхэр Іэнатіэ щыуакІэ я къулыкъур, щыуа зэманыр, я лэжьыгъэм пыщІа нэгъуэщІ-къинэмыщІхэр къыщагъэлъэгъуэну тхьилъэр къахуэІухьным теухуауэ.

♦1971 гъэм Франджым къыщызэрагъэпэщащ «Дохутырхэм гъунапкъэ яІэкъым» дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1999 гъэм Китайм и щІыналъэм къыхагъэхьащ Макао хытІыгур, 1987 гъэм зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ Португалием кьритыжар.

♦Адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу къулыкъу щызыщІа **ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил-Бей** къызэралъхурэ илъэс 258-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист, публицист **Гъуапльащ Іэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, журналист, «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретару щыта **ХьэІупщы МуІэед** къызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист, политолог, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Медведев Сергей** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.**

Сабийхэм папщІэ

● Тхылъыщ Іэхэр

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм илъэс зыбжанэ хуэуэ еджакІуэхэм папщІэ тхылъхэр къыдегъэкІ.

«ШКОЛ библиотекэ» зыфІаща серием хэту дунейм къытехьакІэщ Щоджэнцыкіу Алий (2008); КІыщокъуэ Алим (2015); КІуащ БетІал (2011); Къагъыбмэс Борис (2016); Гъубжокъуэ Лиуан (2015); ІуТІыж Борис (2014); Тхьэгъэзит Зубер (2014) сымэ я Іэдакъэщ Іэкіэхэр зэрыхуэ тхылъхэр. Нобэ зи гугъу тщІы тхылъитІри 2018 гъэм къыдэкІащ. Ар Ащхъан Руслан зэридзэкІа, Лермонтов Михаил и «Кавказ поэмэхэмрэ» Джэрыджэ Арсен игъэхьэзыра «ПсалъэжьхэмрэщІ». Иужьрейм ихуар псалъэжь къудейкъым. Тхылъым и фІэщыгъэм ар нэгъэсауэ къыбжеІэ: «Псалъэжьхэр. Псалъэ шэрыуэхэр. Нэщэнэхэр. ПсынщІэрыпсалъэхэр. Хъуэхъуэхэр».

Шэч хэлъкъым мы тхылъитІми сабийхэм я гъусэу балигъэхри зэрыщыгугфыкІыну. Литературэм и Іэхур нэхъ хэплъхьауэ, хэдэнкъуэхьным тещІыхьауэ щытмэ, псалъэжьхэр, псынщІэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр Іуэрыуатэм и къудамэ нэхъ тыншэм, адыгэ зыкъэзылъытэж дэтхэнэ зыми ищІэну и къалэнхэм ящыщ. Псалъэжьым и мыхьэнэр и цІэм кьыбжеІэ: ар зэманым «щІимыгъэпща» жыІэгъуэ щІэрыпсу щыт хабзэкъым, бзэми псэлъэкІэщІэ занщІэу къищтэркъым. Ауэ щыхъукІэ, куэд щІауэ къыддагъэуагурыкІуэ жыІэгъуэхэм я уасэм хэхъуэ фІэкІа, хэщІыркъым. Уеблэмэ урихьалІэнкІи хъунущ зи мыхьэнэр нобэрей адыгэбзэм кьыбжимыІэж, ауэ адыгэгум гурыгъуэзэкІэ зыхищІэ псалъэ щэрыуэхэм. Дэтхэнэ адыгэми и анэдэлъхубзэм хуэрихьэ гурыщІэ Іэфым еІуэсу, псалъэм и кьарур нэсу къзбгъэщхьэпэным утригъэгушхуэу кьыщщохъу псэлъэкІэ пщІэн Іэзагъым уезыгъэхъуапсэ псалъэжьхэм. Тхылъхэм ихуар адыгэ псалъэжьхэм я Іыхьэ мащІэщ. Нэхъыжьхэм ящІэж псалъэжьхэр нэхъыщІэхэм ятхыжу къэдублюфтэмэ, тхыдэми къыхэнэнт, лъэпкъми хуэщщхьэпэнт.

ЕтІуанэ тхылъым и гугъу мызэ-мытІэу фхуэтщІащ. Ар Ащхан Руслан и фІыгъэкІэ «адыгэпсэ кьызыІыкІа» Лермонтовым и поэмэ мыкІуэдыжьынхэрщ. Щхьэхуэу къызэрыдэкІам абы еджакІуэхэм Іэмал ярет ахэр нэгъэсауэ яджыну. А тхылъхэр сабийхэми егъэджакІуэхэми яхуэщхьэпэнущ я бзэр яджьжьнымкІи, ар усакІуэм къызриха урысыбзэм нэхъхьфІу щыгъуэзэнымкІи. УсакІуэм и сатырхэр адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ зэриувэ щІыкІэр зэрагъапщэху, езыхэр кьызыхэкІа лъэпкъым и литературэм зрагъэужьыным гукъэкІ хуэзыщІын къахэкІынри Іуэхум хэлъщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псалъэ Іэфіыр мэгъущІэри, псалъэ дыджыр мэщІытэ.

Шагъдийм зыкъезыгъэужьыжа зеикъуэдэс лІыхъужьхэр 70

Блэкіам уасэ пэж хуэзыгъэувыр нобэрей махуэращ. Фіыр абы къыщынэмэ, ар щапхъэ, гъуэгугъэльагъуэ мэхъу. Льэхъэнэщіэр ефіэжкімэ, апэ итахэм пхаша гъуэгур хэмыкіуэдэжауэ араща, ухуэфэщэныр уэри къэкіуэнум и пащхьэ щыпхь пщэрылъщ.

АПХУЭДЭ щыкІэу фы-зыхуэдгъэхьэзыр хъы-барыр дигу кьэдгъэкІыжы-ну щхьэусыгъуэ зыщы-зытар абы илъэс 70 зэрыщІэкІарщ. Зи гугъу тщІыр Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэсищ фІэкІа дэмыкІауэ, Зеикъуэ къуажэм щыщ шы-хъуэхэм щыщхэ 64-м хуэззэу щыщІэ 64-рэ къы-щыщІагъэхъуа зэманырыщ. Пэжщ, тхыдэм зи цІэ къыхэ-нар цІыхуищ. Ауэ хэт зымыщІэр жылэм и пщІэр зыІэт екъулІэныгъэм зы къуажэдэсэ пэІэщІэу къы-зэрымыынэр?!

Тхакіуэ Киреев Михаил и «Тхыгъэ къыхэхахэм» уахъ-тыншэ ищІащ нобэ дигу къэдгъэкІыж Іуэхугъуэр. Адыгэшым и увыпІэр хуэм-хуэмрэ зэриубыдыжым и нэщэнэ къыщІэкІынщ зеи-къуэдэсхэм зэрахьа лІы-гъэм и уасэр кІуэ пэтми нэхъ куууэ зэрызыхэпщІэр.

Іуэхур къыщыхъуар Киро-вым и цІэр зэрихьэу Зеи-къуэ щыізэхэта колхозращ. Ищхьэкіэ хъитІуа шы бжы-гъэр къаззэрыщІэхъуам щхьэкІэ, 1948 гъэм абы и унафэщІ Бырс Анзор (1892 - 1988), шы щагъэхъу фер-мэм и унафэщІ Щоджэн ТІэлашэ (1898 - 1918) шы-хъуэ нэхъыжь Къалмыкъ Хьэжмурат (1926 - 1965) сымэ Социалист Лэжьы-гъэм и ЛІыхъужь цІ-льапІэр къыхуагъэфэ-щауэ щытащ. ЦІэ льапІэм къыдэкІуэу къаратащ Ле-ниным и орденыр, «Гъуб-жэрэ Уадэрэ» медалрэ ЩІыхь тхыльрэ.

Ауэ хэрал гулъитэр зыщ, щыхуэхэм я гум фІыкІэ укъинэныр - абы нэхърэ куэдкІэ нэхъ льапІэ нэ-гъэущ зыгуэрщ. Дэрэ нэ-гум къыщІэдгъэхьэжыну дызыхуейр лэжьыгъэмрэ Іэщ Іагъэмрэ нэгъэущІ бгъэдыхьэкІэрэ нэгъэущІ пщІэрэ щаІа льэхъэнэращ.

«ГъащІэм щыхьэт пэж куэд ихьумащ лІэщыгъуэ бжьыгъэкІэ зэфІэувэа ады-гэшым теухуауэ, - жыжьэ къыщыщІедзэ Киреевым и хьыбарыр. - Пащтыхь Грозный Иван и шуудзэр ливон зауэлІхэм щатеуэм щы-гъуэ, абыхэм къэбзэрдей дамыгъэр зытет алащэ тет-лъыджэхэр яхэтащ. Нэ-гъэущ хъыбарым къе-Іуэтэж Суворов Александр-дззэешэр уэсым щІигъэна Альп куршхэм зэрызэпры-кІыфар адыгэшхэм я фІы-гъэр».

А илъэсхэм Къэбэрдейр иджыри республикэ щхьэ-хуэу Урысейм хэтт. Зауэ нэужь зэманти, колхозхэри хуэм-хуэмурэ къызэфІэу-вэжу арат. Къэбэрдейр илъэс 25-рэ зэрырикъур щагъэпагъэпІэ махуэшхэм ирихьэлІэу республикэм къэкІуа Маршал Будён-ный Семён цІыхубзм псалъэ дахэкІэ закъыхуигъэ-зауэ щытащ: «Къэбэрдей колхозхэтхэр си фІэщу къыхуходжэ я къару емыбІэу ди дзэм дежкІэ мы-мьхэнэшхуэ зиІэ, Урысейми хамэ къэралхэми зи пщІэр щыльагъэ адыгэшэ хахуэхэр, жэрхэр, бэшэчхэр къыхэ-фІагъэувэжыну».

«Будённэм и кьыхуе-джэныгъэ зэрыгъэхьыпхъэм зэхихат», - етхьэж Киреев-вым. АдыгэшкІэ игъащІэ-ми цІэрыІуэу щыта Зеи-къуэ колхозыр а къалэн гугъуэм щыпэрыхьам иІэ-жыр шы 27-рэт. Шыхьэу лъэрызехьэхэм я нэпсхэр кьекІуэрт жалэж, а шы Іэб-жьыгур я губгъуэхэм иту щалъагъуКІэ.

«ПІэщІыгъуэ куэд къэзы-гъащІа лъэпкъ Іущым шы зехуэкІэ хабзэу зэрихьэм щІэи гъуни иІэкъым. Абы-хэм зы закъуи яхэткьым а Іуэхум бгъэдыхьэр щІыхь набдзэгубдзапІэуэ, ерыщу, къикІуэт имыщІэу щы-тын зэрыхуейр къыхэмы-дэгу тхъэмпэ закъуи, зы ежьужьи шхалъэхэм дзэ-хуэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Куэд зылъэгъуа, ныбжь нэхъ зиІэ шыхъэхэу Сыжа-жэ Къарэрэ Джэдгъэф Па-гуэрэ Хьэжмурат Іуэхум зэрыхуэжаныр ялъагъуну, езыхэми ягу хэхъэрт, чэн-джащ иратурэ щІалэр трагъэгушхуэрт, дэІэпы-кьуэрт.

Фермэм и унафэщІ Щоджэн ТІэлашэ шыхъэу нэхъыжьым щІэх-щІэхыурэ лъыгъуазэрт, шыщІэхэм, шэщым, шхыным я Іуэху зыІутыр зригъащІэу. Дэтэ-хэнэ зы фІэгъэнапІэ жьгъеймищІэупщІэрт.

- Зыщымыгъэгъупщэ, си къуэш, - жриІэрт абы Хьэж-мурат, - шууеифІыр шым еКІуу тесыфракъым, ар зы-хуей хэзыгъэзэфращ.

ТІэлашэ шыхъуэ нэ-хъыжьым щІешхыдэн щхьэусыгъуэ къыхуихуэртэ-кьым: шыхэр узынштэ, шэщыр - зэлъыІухат, шыхэр - асльэнхэм ещхьу, нэжэ-гужэт. Хьэжмурат шыхэр къыщыщышым деж, кол-хозхэтхэр а шы бэлъыхьэм яІупльэн папщІэ кьекІуэ-талІэхэрт.

- Шагъдий дыдэхэщ! Абы-хэм зыгъуэр къащІэмыхъуэу къэнэнкъым, - жаІэу зэхэп-хынт.

Шыхэр къуажэм пэ-мыжьыжьэу, дыгъэ къэра-кьэм хэту, удзыпцІэхэм, кьурш сэнтхэм щагъэ-хъурт, жьы щІыІэ кьыззэ-рыщІрамыгъэхунум иужь итхэу. Унащхьэ хуабэ зы-хуащІа гуэщхэм щІа-хуэжэрт жэщым. ШІей удзым ещхьу, мэ дахэ кьызыпих мэкъу бэлъыхьІэ ягъашхэрт.

Шыхъуэрэ я мурадым лъэІэсын папщІэ, щІэблэн-шэу зыш кьанэ мыхъуну арат. Зэбгъэдэшэгъэр бадзэуэгъуэм и 1-м щІе-гъэжьауэ 15 хьуху зэфІа-гъэкІын хуейт. Ар къе-хуЛІатэмэ, шыщІэхэр илъэс кьакІуэм и мэлы-жьыхьым, накъыгъэм, е язынькъуэхэр мэкъуауэ-гъуэм дунейм кьытехьэ-нурэ бжьыхьэ хьуху лъэ быдзкІэ увыну хунэсынхэрт. ШышІэ Іъэщхэр бжьыхьэ щІыІэм щІыщІышынэжьм щІыІэнутэкъым итІанэ. ЩІымахуэм быдзэ цІыкІу хьуахэу техьэнухэт. Псом хуэмыдзэу 1947 гъэм и ГъатхэмрэИ и гъэмахуэмрэ гугъу зрагъэхьын хуей хьуащ.

Колхоз унафэщІымрэ шыхъуэ нэхъыжьымрэ ялъэкІ кьагъэнакъым зо-отехниКэ щІэныгъэм кІы-гъэув псори нэгъэсауэ яГъэзэщІэнын хуэунэтІауэ. Бырс Анзор абы и закъуэ-тэкъым кьалэну иІэр, абы иджыри гъавэр хригъэсэн хуейт, фермэхэм якІэльпІ-лъын, унафэщІым и нэ-гъуэщІ кьалэн гуэрхэри ихьырт, итІанэми сытым дежи зэман кьигъуэтырт шыхэм ялъыгъуэзэну.

Гъатхэпэм и кІэм кьыхэ-жа удзыщІэм сытым хуэдэу хуэнэпсейуэ зрадзрэ шы-хэм. Ар ещхькІым, дауи, щІымахуэм яшха мэкъу гъущэм. Ауэ абы зы шынаг-гъуэ щыІэщ. Гъатхэ удз Іэфым хуэмурэщ шыхэр егъэсэн зэрыхуейр. УнафэщІыр мыбдежми щы-Іэщ. Пщэдджьжьым мэкъу иратыну хунэсауэ пІэр? Хьэуэ. Хьэжмурат зэи пльырын щигъэтырыкьым.

Хуэм-хуэмурэ гъатхэпэр кьоблагъэ, бгыщхьэхэр кІуэ пэтми нэхъ щхъуан-тІэ мэхъу, ЕкІэпцІэкъуэ хъупІэхэм жьы Іэфі, жьы хуабэ къреху. Абы нэхърэ нэхъыщхьэжу Мэзыхьэ, Домбей, нэхъ жьыжьэжу Ташлы-Сырт бгыщхьэм и хъупІэ хуитхэр... Бгъэш-хуэхэм, псыкъелъэ уэр-хэм, кьурш задэхэм я щІыпІэ, шыхъуэхэмрэ мэлыхьъуэхэмрэ я дуней. Мис, шыхэр Іэщ дохутыр-хэм зэпаплъыхьри, гуар-тэ-гуартэуэрэ ягуэшащ. Бгыщхьэм зыр адрейм иужь иту бжэгъуэхэр, набжэхэр, хьэжьигъэрэ шыгъуэрэ зэрылъ кьэпхэр зэрылъ гу зэщІэщІахэр драшей. Шыхъуэхэм я ужьым шыхэм я хьумА-кІуэ пэжжэр - хьэ бэла-цэхъуэхэр итщ.

- Гъуэгу махуэ, шыщІэ куэд кьытхуэфщэжи фыкъэкІуэж, - ирагъажьэрт куэжаждэсхэм шыхъуэхэр.

Арати, щІедзэ гуэз-вэныпрэ пІейтеиныМкІэ гъэщІа махуэмрэ жэщ-жэрэм. ШыщІэхэр ябж... Адыгэшыр шы гъэфІа-кьым, ар есащ бгыпъэ щыпІэ пхъашэхэм. Ауэ абы къикІыкрькым мыхьэнэ зиІэ ауэдэ зэманым ар гупльитэншэу къэбгъанэ хъуну. Хьэжмуратрэ и ныбжьэгъухэмрэ фІыуэ ящІэрт ар. Дунейм къытехьагъащІэ шыщІэ щІыкІуэр куэдым щыхъумэн хуейщ: хакІуэ къэгубжьам и лъакъуэ къытехуэнкІи хъунущ, дыгъужь нэщІар кьещІэкІуэни тІэу епльынкъым. Уэс зыхэт уэшх щыІэхэри щыс-кьырькым шышІэ кьалъ-хуагъащІэхэм. Шыхъуэр сытым дежи сакъыу щытын хуейщ.

ЩІэгъуэва псори хьарзынэу зэфІэкІащ. ШышІэ къызыщІэмыхъуа зы шыбз къэнакъым. Иджы ахэр фІыуэ хъумэн хуейщ. Шы-хъуэ нэхъыжьхэмрэ абы и дэІэпыкъуэгъуэхэмрэ сытми хэзыщІыкІ шыхъуэ дадэхэр я чэнджащэгъущ. Абыхэм бгыщхьэ хъупІэр Іыхьилті иращыкІырти, чэзуэрэр кьагъэсэбэпырт, шахмат губгъуэм итым ещхьу, гуартэхэр щыхъуа-кІуэ губгъуэ пІланэр мазэ къэс яхъуэжурэ...

ЛІыгъэ зехьэгъуэ

НЭХУ зэрыщІэр, Іудэ зы-Іут тепхъуэ телъ фІэкІа умыщІэну, Іэнэ хъурейм ещхь Къэнжалышхуэ и нэщхъыр зэхихыртэкъым. Пагуи нэщхъейт: бгыхэм мурадыфІ зэрамыІэр Іуищ. ГъащІэм и кІыхьа-гъкІэ игъэунэхуат абы уафэм и гурей-гурыфІхэр. Малъхъуэхэр зи тІуэсэ мэл гуартэ псохэр, выжьхэр, шыхэр, унэ хуэдиз мывэхэр зэрагъэдзэкІыуэрэ езыльэ-сэха уэлбанэхэр и нэгу щІэкІат абы. Зэкъым-тІэу-кьым Пагуэ-дадэ къыщы-хуихуар техьэгъуэ зытехьа табыным иужь ити кьи-жьыхьым, егъэзыхьпІэ задэ-хэм, щыхупІэ кІыфІхэм ящ-хьэщимыгъэхьэн папщІэ. Аркъэнэр мэфийри - лъэ-бакъуитІ ичыжмэ, бгым щыхуу щыта хакІуэр мэ-джалэ...

Пагуэ-дадэ къыпхуэгъэп-щІэнукъым: абы гу лъитакІэщ пшэхэм я кІуэкІэм, абыхэм я кІуапІэри фІыуэ ещІэ, борэным и пэкІэ зэ-рызащІми есэжащ, бэлэ-рыгъыркъым. Дунейм зи-хъуэжьыху, ари нэхъ сакъ-мэхъу. Ауэ шыхъуэ Іэзэхэми я щхьэ щыщІахьэ къа-хуохуэ. Зымахуэ дыдэщ Бахъсэн районым и «Тек-кІуэныгъэ» колхозым щыщ Мэшыкъуэ Хьэмталий къуэ лъэгум зытриІубгу щы-гъуэгар, лъыкъуалэм хэлъ шыбзыр игъейуэ. Борэным и жьы щІыІэмылым табы-ным кърищІэнур уи нэгу къыпхущІэгъэхьэнукъым.

Хьэмэрэ Куба Ипщэм щыщ колхозым ей Алий-Къадым хакІуэ цІэрыІуэм и хъыбарыр-щэ? Пагуэ и щыфэр иджыри мэтхьтх, ар зэрыкІуэдыкІар и нэгу къыщыщигъэхьэкІэ. Хъу-пІэм Алий-Къадым зымы-щІыху зы шыхъуэ щыІэтэ-кьым. Мэзкуу шыгъэжа-пІэм къыщагъэжэху, апэ зыгуэр къыщища къэхъуа-кьым. Колхозым нобэхэми щІэхъуэм Алий-Къадым щыхьэрым къыщихьа уанэ лъапІищыр. Колхоз шы-хъуэхэр иригушхуэрт абы, яхъумэрт, ягъафІэрт. Иджы мывэ кьырхэр зэтрагъэсу фэеплъ хуагъэувыну за-гъэхьэзыр.

Уэс гъуэжькуий къэхъеятти, табыныр ихъумэрэ, Алий-Къадыр щыхупІэм дэхуауэ щытащ...

Пагуэ-дадэ гузавэурэ гуартэхэм якІэлъопльэ, бгыщхьэм адэ-модэкІэ щи-лъагъу, пшагъуэм ныкъуэ-щІэхъумэ ищІа сэнтх удзы-фэхэр, хъупІэ зэмыфэ-гъуэхэр зэпеплъыхь. Дунейр кьызэІыхьэмэ, табыным зричынкІи хъунущ, я хакІуэ-пашэхэм зытет щІыр ямылъагъужу. ЩІэпхъуэр зыгуэр, гу лъамытэу щы-хупІэм зрамыдзыхьжтэмэ.

ХъупІэм и бжьиз къэс ецІыху Пагуэ. Колхоз уна-фэщІ Бырсри, шыхъуэ пашэ Хьэжмурати, фермэм и унафэщІ ТІэлаши жаІэр зыщІ - зыгуэркІэ дунейр кьызэІыхьэмэ, гуартэхэр мыбдежым щыпхузэтеІы-гъэнущ. Пагуи аращ зэ-регупсысыр. Ауэ щыху-пІэхэм бгъэдэмыхьэн щхьэ-кІэ, апэ итын хуейщ. Ар нэщхъейуэ йопльэ пшэхэм щІауфа бгыхэм. Езым и гуартэр апэ итщ. Гузэвэн хуэмейуэ пІэрэ-тІэ? Хьэуэ, мис, уафэр мэгъуагъуэ.

Хьэжмурат кьыІуЕащ: «Зэхэпхрэ, Пагуэ?»

Дауэ зэхимыхьнрэ? Пшэ фІыцІэ щхъуафэм кьурш задэхэр зыр адрейм и ужьым иту иригъэльэтэх фІэкІа пщІэнкъым. Уафэ-гъуэгуэр зэрызэхахьу, удзыщхьэхэр къыфІэхуащ, шы сокуэр зэщІэубгъэ-цащ. Зэрыгуартэу а пшэ фІыцІэм ещхь хъуащ, «Сыт мыбы и мурадыр?» жьыи-гъэІэу.

- ЗыІыгъ, Пагуэ, - жиІэри, Хьэжмурат адрей гуар-тэхэмкІэ зричащ.

Пагуэ мыпІащІэу и щхьэм щхьэрыхъуэныр фІишыхьщ, блэм ещхь и аркъэн гъуатІафэм еплъыжщ, шы ныбэпхъм еІуСэжри уанэм зридзащ.

Асыхэтым уанэм «ёдэ хужьышхуэ» кьытехуэри дэлъеящ. Уэ! ЕтІуанэр шы тхьэкІумитІым я зэхуакъм дэхуащ. Шым и щхьэр егъэ-кІэрахьэ. Гуартэр ежьа-кІэщ. Иджыпсту и акъылым имытыжу зричынущ, ущр кьыззэрытелъалъэм хуэдэу. Пагуэ и шыр ирихуу-жьащ абыхэм ятежьи папщІэ, арщхьэкІэ зыльэщІа-гъэхьэркъым. И щІакІуэмкІэ шыщхьэм зэрыжьхэзэуэр ильагъуу, Пагуэ гукІэ зы-хущІэрт шыхэм гъэзу кьа-мыльыхьуэжу, сакъыни щагъэтауэ зыщрачыну гу-жьеигуэр кьыззэрыбла-гъэр. Шыхъуэ дадэхэм зы хабзэ зызымыхъуэж яІэщ: уафэм мывэ уэшх кьэ-щІащха папщІэ, гуартэм зы лъэбакъуэкІэ уГъэдэкІ хъу-нукъым. Ар адэжьхэм я уэсятщ...»

Лъэпкъым ишэча лъэ-пощхьэпо псори дзэыгуэ-ша адыгэшым и пщІэр хэкум и ГъунапкъэМ жы-жьэу щхьэдэІухауэ замк къэралхэр егъэбжьыфІэ. Абы хуэфащэн пщІэ игъэ-тыжьын, и шыгъэр адэкІи ефІэкІуэн папщІэ, апхуэдизэ лІыгъэ зезыхьахэм я щІэбІэращ псори нобэ зыщы-гугъэр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Бырс Анзор

Щоджэн ТІэлашэ

Къалмыкъ Хьэжмурат

Шы зехуэкІэ хабзэхэмрэ тхылъым ит щІэныгъэмрэ зэбгъэуІумэ

«ХУЭМ-ХУЭМУРЭ шы-щІэхэр ягъэшэн, шыхэр кьащхьун щІадзащ. Кьэралыр мылъкуКІи шы лъэпкъэфІкІи кьадэІэпы-кьурт. 1946 гъэм и пэщІэ-дзэм колхоз табыныр шы 211-м нэсыпт. ИтІани ар ма-щІэт колхоз мелуанырыбж-жэм дежкІэ.

Зеикъуэ колхозым зауэм ипэкІэ шы бэлъыхьэр щІ-гъэхъуу щытат. Кавказ кьуршхэм я хьуреягъыр зэпызыхуупщІа щу зекІуэм хэта Абрэдж хакІуэм дэ-гъуэрэ кьарууфІэу щІэблэ узынышэ игъэтат. Абы хуэдэ дыдэу, шы лъэпкъ хабзэ кьызыщІэхъуа адрей ха-кІуэхэми тэмакъКІыхьу якІэпхыплъэхэрт Іэщ Іа-гъэлІэхэр. Колхоз шыхъуэ-хэмрэ зоотехникэмрэ мы-хьунур кьыхадзмэ нэхьы-фІыр кьащтэуэрэ, шы лъэпкъыр зэрыгагъэфІэ-кІуэныи иужь итхэт. Аэр ерыщу егупсысыт адыгэ-шыр нэхъ лъагэ икІи нэхъ псынщІэ ящІа зэрыхъуныи.

И кьалэным сыт щыгъуи хуэпэж колхоз унафэщІ Бырсри фІыуэ илъагъу икІи хъарзынэу зыхищІкІэ а Іуэхум пэрыхьэжат. Шы кьэс зы шыщІэ кьыщІагъэ-хуэныр зы кьалэн, шы-щІэхэм зыри яхэмыщІу кьызэфІагъэувэныр етІуа-нэ. ЩІэфІагъэр здынэсэ Іэмал псори шыхэм зэрыра-хьэлІэнум иужь итынри ещанэ. Зи гугъу тщІы колхозхэтхэм 1948 гъэм зра-гъэгъуэта екъулІэныгъэш-хуэм зы махуи узытеплъэ-кьукІ мыхъун лэжьы-гъэшхуэ ипэ кьихуат.

Шыхъуэ нэхъыжь Къалмыкъ Хьэжмурат хакІуэхэм якІэпхыплъыныр и пщэ дилъхьэжат. Сыхьэтыр теуху-ауэ абы шыхэм мэкъу, зэнтхъ, хуэнщІей, сэхуран гуарцэ зоотехникэ щІэныгъэм ткІийуэ зэригъэувыж хуэдэу, яритырт. Ауэ тІуэ-тэрымэ зыщІыуа зы удзи, шыхэм емызэгъынкІэ къэлэр щІу», - жеІэ тхакІуэм.

Зауэм кьикІыжа Бырс Анзор, Щоджэн ТІэлашэ, абыхэм я ныбжьэгъу щІалэ Къалмыкъ Хьэжмурат сымэ ФІы дыдэу щыгъуазэт льэпкъым къызэриныкІа шы зехуэкІэ Іэмалхэм, ауэ абдеж къыщыувыхэрт-кьым. Зоотехникэм щІэуэ-зэу зэрыщытыныи хущІэ-кьурт ахэр. Ауэ псом нэ-хъыщхьэраща, абыхэм ящхьэщытт шы гъэхуэн Іэзэкіэ «дунейр зыльэ-гуа» нэхъыжьхэу Сыжажэ Къарэрэ Джэдгъэф Па-гуэрэ. Адыгэшым теуху романыфІым хэтыну яхуэ-фащэщ Киреевым и тхы-гъэм щыщ пычыгъуэхэу Пагуэ-дадэ табыныр уэлп-банэм къызэрыригъэлар, и щІакІуэр анэм кьыкІэры-хуа шыщІэ цІыкІум триубгъуэу уэм зэрыщихъумар, и нэгум къыщІыхьэж хакІуэ ехьэжьахэу Абрэджрэ Алий-Къадымрэ ятеуху-гуКъэкІыжхэр зыхэтхэм. Фэеплъ мыкІуэдыжьым зы-хуэфащэ цІыхухэм я кьэ-тыркІэ, Киреевым и тхыгъэ купщафІэм и напэкІуэці зыбжанэ адыгэбзэм кьидг-гъэзэгъащ.

Шы зехуэкІэ хабзэхэмрэ тхылъым ит щІэныгъэмрэ зэбгъэуІумэ

«ХУЭМ-ХУЭМУРЭ шы-щІэхэр ягъэшэн, шыхэр кьащхьун щІадзащ. Кьэралыр мылъкуКІи шы лъэпкъэфІкІи кьадэІэпы-кьурт. 1946 гъэм и пэщІэ-дзэм колхоз табыныр шы 211-м нэсыпт. ИтІани ар ма-щІэт колхоз мелуанырыбж-жэм дежкІэ.

Зеикъуэ колхозым зауэм ипэкІэ шы бэлъыхьэр щІ-гъэхъуу щытат. Кавказ кьуршхэм я хьуреягъыр зэпызыхуупщІа щу зекІуэм хэта Абрэдж хакІуэм дэ-гъуэрэ кьарууфІэу щІэблэ узынышэ игъэтат. Абы хуэдэ дыдэу, шы лъэпкъ хабзэ кьызыщІэхъуа адрей ха-кІуэхэми тэмакъКІыхьу якІэпхыплъэхэрт Іэщ Іа-гъэлІэхэр. Колхоз шыхъуэ-хэмрэ зоотехникэмрэ мы-хьунур кьыхадзмэ нэхьы-фІыр кьащтэуэрэ, шы лъэпкъыр зэрыгагъэфІэ-кІуэныи иужь итхэт. Аэр ерыщу егупсысыт адыгэ-шыр нэхъ лъагэ икІи нэхъ псынщІэ ящІа зэрыхъуныи.

И кьалэным сыт щыгъуи хуэпэж колхоз унафэщІ Бырсри фІыуэ илъагъу икІи хъарзынэу зыхищІкІэ а Іуэхум пэрыхьэжат. Шы кьэс зы шыщІэ кьыщІагъэ-хуэныр зы кьалэн, шы-щІэхэм зыри яхэмыщІу кьызэфІагъэувэныр етІуа-нэ. ЩІэфІагъэр здынэсэ Іэмал псори шыхэм зэрыра-хьэлІэнум иужь итынри ещанэ. Зи гугъу тщІы колхозхэтхэм 1948 гъэм зра-гъэгъуэта екъулІэныгъэш-хуэм зы махуи узытеплъэ-кьукІ мыхъун лэжьы-гъэшхуэ ипэ кьихуат.

Шыхъуэ нэхъыжь Къалмыкъ Хьэжмурат хакІуэхэм якІэпхыплъыныр и пщэ дилъхьэжат. Сыхьэтыр теуху-ауэ абы шыхэм мэкъу, зэнтхъ, хуэнщІей, сэхуран гуарцэ зоотехникэ щІэныгъэм ткІийуэ зэригъэувыж хуэдэу, яритырт. Ауэ тІуэ-тэрымэ зыщІыуа зы удзи, шыхэм емызэгъынкІэ къэлэр дэгу тхъэмпэ закъуи, зы ежьужьи шхалъэхэм дзэ-хуэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Куэд зылъэгъуа, ныбжь нэхъ зиІэ шыхъэхэу Сыжа-жэ Къарэрэ Джэдгъэф Па-гуэрэ Хьэжмурат Іуэхум зэрыхуэжаныр ялъагъуну, езыхэми ягу хэхъэрт, чэн-джащ иратурэ щІалэр трагъэгушхуэрт, дэІэпы-кьуэрт.

Фермэм и унафэщІ Щоджэн ТІэлашэ шыхъуэ нэхъыжьым щІэх-щІэхыурэ лъыгъуазэрт, шыщІэхэм, шэщым, шхыным я Іуэху зыІутыр зригъащІэу. Дэтэ-хэнэ зы фІэгъэнапІэ жьгъеймищІэупщІэрт.

- Зыщымыгъэгъупщэ, си къуэш, - жриІэрт абы Хьэж-мурат, - шууеифІыр шым еКІуу тесыфракъым, ар зы-хуей хэзыгъэзэфращ.

ТІэлашэ шыхъуэ нэ-хъыжьым щІешхыдэн щхьэусыгъуэ къыхуихуэртэ-кьым: шыхэр узынштэ, шэщыр - зэлъыІухат, шыхэр - асльэнхэм ещхьу, нэжэ-гужэт. Хьэжмурат шыхэр къыщыщышым деж, кол-хозхэтхэр а шы бэлъыхьэм яІупльэн папщІэ кьекІуэ-талІэхэрт.

- Шагъдий дыдэхэщ! Абы-хэм зыгъуэр кьащІэмыхъуэу къэнэнкъым, - жаІэу зэхэп-хынт.

Шыхэр къуажэм пэ-мыжьыжьэу, дыгъэ къэра-кьэм хэту, удзыпцІэхэм, кьурш сэнтхэм щагъэ-хъурт, жьы щІыІэ кьыззэ-рыщІрамыгъэхунум иужь итхэу. Унащхьэ хуабэ зы-хуащІа гуэщхэм щІа-хуэжэрт жэщым. ШІей удзым ещхьу, мэ дахэ кьызыпих мэкъу бэлъыхьІэ ягъашхэрт.

Шыхъуэрэ я мурадым лъэІэсын папщІэ, щІэблэн-шэу зыш кьанэ мыхъуну арат. Зэбгъэдэшэгъэр бадзэуэгъуэм и 1-м щІе-гъэжьауэ 15 хьуху зэфІа-гъэкІын хуейт. Ар къе-хуЛІатэмэ, шыщІэхэр илъэс кьакІуэм и мэлы-жьыхьым, накъыгъэм, е язынькъуэхэр мэкъуауэ-гъуэм дунейм кьытехьэ-нурэ бжьыхьэ хьуху лъэ быдзкІэ увыну хунэсынхэрт. ШышІэ Іъэщхэр бжьыхьэ щІыІэм щІыщІышынэжьм щІэнутэкъым итІанэ. ЩІымахуэм быдзэ цІыкІу хьуахэу техьэнухэт. Псом хуэмыдзэу 1947 гъэм и гъатхэмрэ и гъэмахуэмрэ гугъу зрагъэхьын хуей хьуащ.

Колхоз унафэщІымрэ шыхъуэ нэхъыжьымрэ ялъэкІ кьагъэнакъым зо-отехникэ щІэныгъэм кІы-гъэув псори нэгъэсауэ яГъэзэщІэнын хуэунэтІауэ. Бырс Анзор абы и закъуэ-тэкъым кьалэну иІэр, абы иджыри гъавэр хригъэсэн хуейт, фермэхэм якІэльпІ-лъын, унафэщІым и нэ-гъуэщІ кьалэн гуэрхэри ихьырт, итІанэми сытым дежи зэман кьигъуэтырт шыхэм ялъыгъуэзэну.

Гъатхэпэм и кІэм кьыхэ-жа удзыщІэм сытым хуэдэу хуэнэпсейуэ зрадзрэ шы-хэм. Ар ещхькІым, дауи, щІымахуэм яшха мэкъу гъущэм. Ауэ абы зы шынаг-гъуэ щыІэщ. Гъатхэ удз Іэфым хуэмурэщ шыхэр егъэсэн зэрыхуейр. УнафэщІыр мыбдежми щы-Іэщ. Пщэдджьжьым мэкъу иратыну хунэсауэ пІэр? Хьэуэ. Хьэжмурат зэи пльырын щигъэтырыкьым.

Хуэм-хуэмурэ гъатхэпэр кьоблагъэ, бгыщхьэхэр кІуэ пэтми нэхъ щхъуан-тІэ мэхъу, ЕкІэпцІэкъуэ хъупІэхэм жьы Іэфі, жьы хуабэ къреху. Абы нэхърэ нэхъыщхьэжу Мэзыхьэ, Домбей, нэхъ жьыжьэжу Ташлы-Сырт бгыщхьэм и хъупІэ хуитхэр... Бгъэш-хуэхэм, псыкъелъэ уэр-хэм, кьурш задэхэм я щІыпІэ, шыхъуэхэмрэ мэлыхьъуэхэмрэ я дуней. Мис, шыхэр Іэщ дохутыр-хэм зэпаплъыхьри, гуар-тэ-гуартэуэрэ ягуэшащ. Бгыщхьэм зыр адрейм иужь иту бжэгъуэхэр, набжэхэр, хьэжьигъэрэ шыгъуэрэ зэрылъ кьэпхэр зэрылъ гу зэщІэщІахэр драшей. Шыхъуэхэм я ужьым шыхэм я хьумА-кІуэ пэжжэр - хьэ бэла-цэхъуэхэр итщ.

- Гъуэгу махуэ, шыщІэ куэд кьытхуэфщэжи фыкъэкІуэж, - ирагъажьэрт куэжаждэсхэм шыхъуэхэм.

Арати, щІедзэ гуэз-вэныпрэ пІейтеиныМкІэ гъэщІа махуэмрэ жэщ-жэрэм. ШыщІэхэр ябж... Адыгэшыр шы гъэфІа-кьым, ар есащ бгыпъэ щыпІэ пхъашэхэм. Ауэ абы къикІыкрькым мыхьэнэ зиІэ ауэдэ зэманым ар гупльитэншэу къэбгъанэ хъуну. Хьэжмуратрэ и ныбжьэгъухэмрэ фІыуэ ящІэрт ар. Дунейм кьытехьагъащІэ шыщІэ щІыкІуэр куэдым щыхъумэн хуейщ: хакІуэ къэгубжьам и лъакъуэ къытехуэнкІи хъунущ, дыгъужь нэщІар кьещІэкІуэни тІэу епльынкъым. Уэс зыхэт уэшх щыІэхэри щыс-кьырькым шышІэ кьалъ-хуагъащІэхэм. Шыхъуэр сытым щыс-кьырькым шышІэ кьалъ-хуагъащІэхэм. Шыхъуэр сытым дежи сакъыу щытын хуейщ.

ЩІэгъуэва псори хьарзынэу зэфІэкІащ. ШышІэ къызыщІэмыхъуа зы шыбз къэнакъым. Иджы ахэр фІыуэ хъумэн хуейщ. Шы-хъуэ нэхъыжьхэмрэ абы и дэІэпыкъуэгъуэхэмрэ сытми хэзыщІыкІ шыхъуэ дадэхэр я чэнджащэгъущ. Абыхэм бгыщхьэ хъупІэр Іыхьилті иращыкІырти, чэзуэрэр кьагъэсэбэпырт, шахмат губгъуэм итым ещхьу, гуартэхэр щыхъуа-кІуэ губгъуэ пІланэр мазэ кьэс яхъуэжурэ...

ЛІыгъэ зехьэгъуэ

НЭХУ зэрыщІэр, Іудэ зы-Іут тепхъуэ телъ фІэкІа умыщІэну, Іэнэ хъурейм ещхь Къэнжалышхуэ и нэщхъыр зэхихыртэкъым. Пагуи нэщхъейт: бгыхэм мурадыфІ зэрамыІэр Іуищ. ГъащІэм и кІыхьа-гъкІэ игъэунэхуат абы уафэм и гурей-гурыфІхэр. Малъхъуэхэр зи тІуэсэ мэл гуартэ псохэр, выжьхэр, шыхэр, унэ хуэдиз мывэхэр зэрагъэдзэкІыуэрэ езыльэ-сэха уэлбанэхэр и нэгу щІэкІат абы. Зэкъым-тІэу-кьым Пагуэ-дадэ къыщы-хуихуар техьэгъуэ зытехьа табыным иужь ити кьи-жьыхьым, егъэзыхьпІэ задэ-хэм, щыхупІэ кІыфІхэм ящ-хьэщимыгъэхьэн папщІэ. Аркъэнэр мэфийри - лъэ-бакъуитІ ичыжмэ, бгым щыхуу щыта хакІуэр мэ-джалэ...

Пагуэ-дадэ къыпхуэгъэп-щІэнукъым: абы гу лъитакІэщ пшэхэм я кІуэкІэм, абыхэм я кІуапІэри фІыуэ ещІэ, борэным и пэкІэ зэ-рызащІми есэжащ, бэлэ-рыгъыркъым. Дунейм зи-хъуэжьыху, ари нэхъ сакъ-мэхъу. Ауэ шыхъуэ Іэзэхэми я щхьэ щыщІахьэ къа-хуохуэ. Зымахуэ дыдэщ Бахъсэн районым и «Тек-кІуэныгъэ» колхозым щыщ Мэшыкъуэ Хьэмталий къуэ лъэгум зытриІубгу щы-гъуэгар, лъыкъуалэм хэлъ шыбзыр игъейуэ. Борэным и жьы щІыІэмылым табы-ным кърищІэнур уи нэгу къыпхущІэгъэхьэнукъым.

Хьэмэрэ Куба Ипщэм щыщ колхозым ей Алий-Къадым хакІуэ цІэрыІуэм и хъыбарыр-щэ? Пагуэ и щыфэр иджыри мэтхьтх, ар зэрыкІуэдыкІар и нэгу къыщыщигъэхьэкІэ. Хъу-пІэм Алий-Къадым щы-щІыху зы шыхъуэ щыІэтэ-кьым. Мэзкуу шыгъэжа-пІэм къыщагъэжэху, апэ зыг



АЦКЪАН Руслан

Пшэм хэт унэ

Поэмэ

СыныцIыцIвэджам щхьэусыгъуэ иIэщ.
Сфlыэзтрихьащ гухэлъ куэдыIуэ.
Дуней зэрызехьэм си гур хэту,
жыгым я нэхъ иныр си щIыб дэту
сэ ныфхуэсIуэтэнут, хуит сыкъэфщIым,
сызэрытетар дунейм пIейтейуэ.
Уафэ щIагъыр зэм къысфIэщIт сысейуэ,
зэм къысщыхъурт зыми сыщымыщу.
Сыту гугъут удекIуэкIыну гъащIэм,
укъызыхэкIар умыгъэгъуащэу
икIи улъэщIыхьэу япэ ищым.
Куэдрэт, сэ езыр сигъэIуэщхьужу,
махуэ кIуам си нобэр щемыщхьыжыр.
Сесэрт гугъуу сэ зэхъуэкIынигъэм,
си псэр ещхьт дунейм щыгугъ къэкIыгъэм.
Сыщывэджэм куэд зэзгъэзэхуащ сэ
нэхъыбэж иджыщ щызэхуэзгъакIуэр.
ЗэкIэ къакIуэу слъагъур зы псэ закъуэщ,
ауэ ар си дежкIэ куэд и уасэщ,
си гурыщIэ Iэджэмри щыгъуазэщ.
Сэ абы и псалъэм сыфIолIыкIыр.
Иужь итхэр къемыкIуалIэ щIыкIэ
щIэслъэгъуэнщ и нэгу мы ди зэIущIэр
зыхуэкIуэнур, зэрыхъуну щIыкIэр.

ГъащIэм и пычыгъуэхэр нэгу щIокIыр,
хэт гъунэгъуу, хэт нэхъ жыжьэ къикIыну.
Къыщыззэрехьэжьэм гукъэкIыжхэр,
сытым щыгъуи япэ къос нэхъ жыжьэр.
Мис иджы, щхьэфэцыр игъэтэджу,
кьру макъыр уэгум зэпхрокIыр.
Слъагъу къысфIощI а макъым и лъэужьыр.
Сохъу балигъ къэгъаз лъэпкъ хэмыту,
нобэ зыхэсщIащ ар псом хуэмыдэу.
Ныбжь къыстридзэу сщхьэщолъэт къуршыбгъэр,
щIыIэ гуэр щызыхызощIэ си бгъэм.
КъопщI жыг тхьэмпэр, мэщымыж аргуэру,
мэхъу нэхъ Iупщ и макъыр къуршыпс уэрым.
Си гур къызэреуэр зэхэсхыжу
дыгъэр къухьэжьыу зыщызоIэжьэ
сабиигъуэм и джэгупIэ Iуащхьэм.
Жыху абрагъуэ щыхэтIащ мыбдежым.
Ар схущIат зэгуэр си адэ къуэшым,
жьыр къызденщэр сщIауэ щытын щхьэкIэ.
Жьыхур къэувыIэнт, гупсысэ щIыкIэу,
зигъэзэнти - джэрэзынт аргуэру.
А теплъэгъуэр щIэкIт си нэгум куэдрэ,
ауэ сытым дежи пIейтей сыхъурт.
Iуащхьэм сыкъохьжыр, гум къыщIитхъыу.
Махуэр кIуащ кьрухэм я ужь иту.
ЩхьэщокIуэтыр Iугъуэри уэнжакъым,
якIэлъеIэну кьру лъэтэжахэм.
Iэщхэр къыдохьэжьр, зэрызехьэу,
си щхьэр дэунаэзу сэ къысщIехьэ
блынхэм щахуагъащIэ сэхум и мэр.
Сядэр щопэщащэ щIантIэм щыму.
Сыту пэгъунэгъу а псори си псэм,
ауэ щэхуу гъуэгу кIых сыщIохъуэпсыр.

Ди бжэIупэм деж щыт кхъужьеижьым
сфIощIыр сигу щызекIуэу хъуар зыхищIэу.
Iэджэ хуэсIуэтащ гухэлъхэм щыщу,
ауэ щымщ, кхьхэщту зэзэмызэ,
зыщIэр хэт здэщыIэр и гупсысэр.
СогъэщIагъуэ жыгым гъащIэ кIыхьыр
зы щIы кIапэм хэту зэрыхуэхьыр.
Мис аргуэру сыщIэсщ кхъужьей щIагъым.
Кьрухэр здэкIуэ щIыпIэм нэсагъэнущ,
я гур зэрыныкъуэри слъагъу хуэдэщ.
ЩIэтщ си нэгу я теплъэр ахэм куэдрэ,
пшэм хэгъуащэу уафэмкIэ ирикIуэу.
БлокIхэр, къэмыувыIэу, къемыплъэкIыу.
КъысфэщIа къудейуэ ар къыщIокIыр,
ауэ иззгъэжкъым си гур и пIэм.
Сэ сыщIэсщ аргуэру кхъужьей щIагъым,
сытэджыжу щытмэ - сщIэнур сщIаркъым.
СызыфIэлIыкI жэщыр къэблэгъащи,
си гупсысэ куэд сфIызэхогъуащэ.

Нобэ сыкъэкIуащ сэ къалэм япэу,
гугъэм я нэхъ лъагэри си плъапIащ.
Дэлъщ уэ зыбжанэ си гуфIакIэм,
Тхъэшхуэм пэсщI усакIуэр хэзгъэплъэну.
Сисщ и пащхьэм, ауэ сепсэлъэну
сымыгъуэт Iэмал, щхьэр кърехьэкIри.
МэкIэзыз и Iэпэр. Тутын Iугъуэр
япэ иту ар щокIукIыр пэшым.
СыкъызэрыкIуам сихущIогъуэжыр,
сызэрежьэжьи Iэмал солъхьхъуэ.

СигукIэ, къытезгъазэурэ, сыкъоджэ
абы кьигъэщIа усэ телъыджэ,
ауэ нэм илъагъум ар хуэмыкIуэ.
Сфlощl и усэм и гущIыIу ирикIуэ.
Къысхуэгъанэ! - кьыдрейшейри щIыIэу,
и щхьэр кьимыIэту къеший и Iэр.
Сэ сызышэплъар нэгъуэщI зыгуэрти,
сыхуэмейуэ усэхэр изотри,
сыкъыщIокIыр пэшым, щхьэр си жагъуэу.
Зы гупсысэт абдеж си щхьэм итыр:
си ныбжьэгъухэм зэ сахыхьэжарэт.

Псоми захъуэжауэ щхьэ къысщыхъурэ?
Хъуащ нэхъыбэ мыкIуэ дэлъыр псыхъуэм,
псым и макъыр мэIур нэхъ Iэнкуну.
Пшэ хужь закъуэ щызолъагъу уэгу нэщIым,
къыщIежьар зыщыгъупщам егъэщхьу.
ЩIэтщ си нэгу сызыхуэза усакIуэр,
ещхьщ мо пшэр абы и тутын Iугъуэм,
и мэри къысщIихьэу щхьэ къысщыхъурэ,
сызытхьэлэ тутын Iугъуэм и мэр.
А усакIуэм нэхъ гъунэгъу симыIэт,
сыту куэд пыщIат абы си гугъэу,
псори дэкIуэдащ зэIущIэ закъуэм.
Зэм сыхуэзгуоп абы мымащIэу,
зэм къызэгуроIуэж сызэрыщыуэр.
Сэ фIэкI Iуэху имыIэу щхьэ къысщыхъурэ
щIыхуу щыIэм тегуэшам зи гъащIэр?
Зыми сыхэнакъым, хъунщ зэрыхъуу.
Сыпсэунщ сэ адрей псоми ещхьу,
згъэкIыу жыг, къэкIыгъэ гуэрхэр хэсщIэу...
Согупсыс апхуэдэу, ауэ гущIэм
къыщебл псом есщIэнуращ сымыщIэр.
Псалъэхэр, си бгъэгум щимыхуэжым,
усэу зэхоувэ, мыдэIуэжу.

Махуэхэр сIэщIокI, къыщIитхъыу си гум.
Жэщхэм сыт сымыщIэми семысэ,
сыту куэди япыщIа гупсысэу,
зэшри дращIей, лъэIэсу уэгум.
Си хэхъуэгъуэщ. Зыщысхар пщыхьэщхьэм
щыIэщ сэ щысхуэмыхъуж пщэдджыжым.
Гу щылъатэм нэмыса си ныбжьыр,
ауэ зэм къысфIощI щызекIуэр си щхьэм
и гупсысэу иужьыгуам мы гъащIэм.
Мывэ инхэр сиIэщ сэ псэлъэгъуу,
жаIэр сэ фIэкI зыми зэхимыхьу.
СощIэ, куэд я нэгу щIэкIащ абыхэм,
ахэр зэхэщIыкI си деж щолъыхъуэ.
СиIэщ унэ, пшэхум хэту унэ,
си нэр зэтеспIамэ сыщIыхьэжу,
и щхьэгъубжэ нэхухэр зэIузгъэжым -
слъагъуу хы пIейтейхэр, щIым и гъунэр.

СокIуэ пщэдджыжь гуэрым сэ еджапIэм,
сегупсысу нэгу щIэкIа пщыхьэпIэм.
Мес си ныбжьэгъуфIыр сэ къыспожьэ,
«къытрадзащ уи усэ!» - кIийуэ къожэ.
Къызэрыжэм хуэдэуэрэ къызэтыр
тIэкIуи гъуабжэу къысщыхъуа кIэзэтыр.
Къызогъуэт си усэр, си унэцIэр.
СопIейтейри, си щхьэр мэунаэз,
зызмыщIэжу сыдолъадэ псыхъуэм.
Шыпсыранэ къуагъым сыкъуотIысхьэ,
гур кьилъэту соджэж си сатырхэм.
УсакIуэшхуэм схунтха тIэкIуи щIыгъути,
къыхигъэщырт куэдкIэ къысщыгугъыу.
Жэщ хъуху псыхъуэм сыдэсащ а махуэм,
нэпс къысфIекIуэу, си гур хъуауэ махэ.
ЩIэкIт къэкIуэнур нэгум щхьэкIэплъыкIэу,
и нэхуагъым нэр щигъэункIыфIыкIыу.
Зихъуэжащ аршхьэкIэ, кIыфI зэрыхъуу,
си щытыкIэм. Щыхьэт гуэр сылъыхъуэу
зыщысплъыхьт уэгу щIагъым, уафэ гъунэм.
ЗыщIэр хэтт мы псори пщы мыхъуну.
Шынэ гуэр къизэрыхьат мы си гум,
зызигъакIуэгъужу си нэхъ щыкIуу.
СытелIэбэщ сызыщIэхъуэпсами,
сфIэкIуэдат зыгуэр псэм и гъусауэ.
ИокI апхуэдэу иужьрей гъэмахуэ
къуажэм щызигъэкIуар. Къыспэплъэрт къалэр,
СокIуэ сэ еджакIуэ, къоср пIалъэр,
щэхуу гугъэ Iэджи зэзгъэзахуэу.
Мис абдежым зыщехъуэж си гъащIэм.
гугъу сызэрехьари сэ мымащIэ,
сыкъэнати си гур зэпекъу защIэу.
Къуажэм сыкIуэжам - хуэзэшырт ар къалэм,
къалэм згъэзэжам - хуэзэшырт къуажэм.

Соджэ, къысщымыхъуу батэр згъэшу,
ауэ си псэм фIэфIым сыхуэпэжу.
ЩIыIэщ егъэджакIуэм сащедауэ,
сфlощI ямыщIэ гуэрхэр къэзгъуэтауэ.
ЖысIэр пэжми, сигу ныкъуэжщ иужьыкIэ,
зыщIыхуэмышыIэращ сымыщIэр.
Фlыщ щIалэгъуэр, псори плъэкI уи гугъэщ,
я нэхъыбэм пщIэжкъым узыхъыхъуэр,
ауэ къызэрыбгъуэтынур бощIэ.
Сыту куэду зэхэлъ я гурыщIэр.

СщIащ фIылъагъуныгъэ! ЩIымахуэкур
гъатхэ курыкупсэу щIокI си нэгум.
Зи жыгышхуэщ мы дуней зэзгъэщхьыр,
щIыр иуфэбгъуу гъэгъар къыпыщэщу.
Мы дунейр щыбауэу си бгъэм сфlощIыр.

СщIащ фIылъагъуныгъэ! Пшэм хэт унэр
и хэщIапIэ псэм жьхъж аргуэру.
Стхынущ лъагъуныгъэ усэ куэду.
Си псэм хуэдэу слъагъу си пщащэм и нэм
къощ зэгуэрым къысщIэхъуэну бынхэр.

КIуащ илъэсхэр, я лъэгу къыщIэху ятIэр
къытехуакъым мащIэрэ си натIэм.
ГъащIэр ещхьт зыщIыпIэ къыкIэрыхум,
сылъэщIыхьэ сфlэщIми - сыщыуэрт.
Дауэ сымыщIами, сытым щыгъуи
стелъу къыщIидзыжт абы и щIыхуэ.
Сэ сыхъуат унагъуэ насыпыфIэ.
Сыт димыIэр жыпIэм - ар псэупIэт.
Зым дыщIахумэ адрейм деж декIуэкIыу
дапщэм дедза пIанэпэ щхьэкIэ.
Къытщымыхъут итIани дагъэпуду,
хэхъуэрт дигу, дыкъагъэгугъэу щытым.
КIуэрт ди Хэкур, сытри ди фIэщ ищIу,
ар дэ къэтлъытат насыпым щыщу.
Нобэ дежьэрт къытхуихьынум гугъэм,
дыпэплъэну дыхьэзэырт пщэден.
Къыщыззэхуэсам иджы мыбдежым
я нэхъыбэр тщIыгъуащ абы щыгъуэм.

ЗэпэтIыгъуу къыздэтхьащ зы гъащIэ,
арщ сызыщIыр нэхъри гумащIэ.
Куэдым дэ дыпэлъэщащ зэгъусэу,
ауэ нобэ къекIуэкI псом демысэ.
Ди блэкIар къыщIитхъ зэпытщ мы си гум.
КъыкIэрихт мэ гуакIуэ гуэр ди Хэкум,
куэду зэущIэувэу, зэхьхьэжу.
Хьэжыгъэмэр зеуэу щхьэлхэр хьэжэрт,
мэракIуэмэр губгъуэхэм щыпэкIурт.
НэгъуэщIт гъущIым и мэри, унгу хуэкIуэу.
Бжьыхьэ хъуамэ, и мэр мыIэрысэм
къуажэ къэс щхьэщытт, уэгу лъащIэм нэсу.
Абы щыгъуэм уэсри нэхъ кьабзэт,
бгъэткIуэмэ, узэфану псыуэ жабзэрт.
Мис а псом дыхэту дгъакIуэрт гъащIэр.
Ар насыпым дежкIэ уфIэмащIэ.

ГъащIэм и пычыгъуэхэр къокIуэжыр,
зэпыуарэт тIэкIу жызагъэIэжу.
Зыр къыхьыхьэжынщ си махуэм щэхуу,
си гукъуэпс къэсыхукIэ кьигъэнэхуу.
Къэсынщ зым и курыкупсэм жэщым,
Iэуэльауэу, мафIэгу псынщIэм ещхьу,
Мы ныфхуэсIуэтэну гукъэкIыжыр
мис апхуэдэ гуэру къысхуокIуэжыр.
КъримыдзэхэнкIэ хъунт нэгъуэщIым,
апхуэдизу си гур хэзыгъэщIыр.
Ар си дежкIэ и уIэгъэщ гъащIэм,
нэхъ сыщыпэмыплъэм е екIуэжу.
Хабзэ хъуащ къэралым и щыхьэрым
къикIа псоми дэ затетфыщIэжу,
зэрежьэжу ди щIэр ямыщIэжу,
я деж дыкIуэу щытми - ди хьэщIэу.
Яшэрти апхуэдэ хьэщIэ къуршым
сэри сыкъызыдащтэ си ныбжьэгъухэм.
Сызэрахьэхуар абдежым сщIэркъым.
Сахьыхьэн си жагъуэт ефэ-ешхэм,
щакIуэхэми жыжьэу къапэскIухьырт.
Сэ зыкъызощIэж къурш жьанэм дихьэу,
сокIуэтыжыр си щхьэм себижу,
ауэ хъуркъым хабзэм зезмыгъэхьу,
сызыщIыгъухэм я ужь соувэжыр.
Махуэм хэплъагъукIэткъым зы бжьыгъэ,
къуршхэр загъэзыжу хэльт хужьыгъэм.
Зы псэхугъуэ гуэр щыпсэут уэгу щIагъым,
ар хуэмейт ди бауэ-бащэ макъым.
Дэ мы щIыпIэ лъагэм дыщыхамэт,
ямыщIэнт бгы задэм дыщыхуамн.
Уафэм и нэм бжэгъуу щIэуэ фочхэр
ди хьэзыр зэныту бгым дыдокIыр.
ДыкIуэ пэт - къурш бжэнхэм я хэщIапIэм
дынэмыс. Ди гъуэгур псэм и жагъуэщ.
ХьэщIэр ешу дагъэзэжарэт.
Мис аращ иджыкIэ си гугъапIэр.
Ауэ дэнэт, кIуэрт ар, мыщэм ещхьу,
небэ-къебэу, псоми япэ ищу,
и нэр бгыщхьэм теджэгухьт нэпсейуэ.
Зыри къэмыувыIэт. СыкIуэрт сэри.
Къыдолъагъу абдежым дэ къурш бжэнхэр,
зэрыIыгъыу псафэ къежьагъэнут.
Къуршыпс цIыкIу щежэхым бгитI зэхуакум
бжэнхэр щтэIэщтаблэ щIыкIэу хуэкIуэрт,
дэ гу кьыгъэтатауэ къыщIэкIынут.
Щхьэ щIэмышхъуэжарэ ахэр защIэу?
Нобэм къэсклэ сотыр а си ущIэр,
езым сымыщIэжу сызэущIыр...
АдэкIэ къэхъуарат гузэвэгъуэр.
ЙогъуэлъыкI си гъуэсэхэри зэуэ
щIадзэ шэр трагъэлъалъэу бжэнхэм.
Зауэм и кум диту фIэкIа пщIэнкъым.
МакIуэ шэхэр, зыр адрейм кIэлъыджэу,
и ужь кьинэм зигъэгусэ щIыкIэу.
ЩIопхъуэ бжэнхэр, гузэвэгъуэм ихуу.
Зыр мэджалэ. Ихъумэн и гугъэу
и щIэжьейр игъэувати ибгъукIэ,
хэтщ иджы нэщанэу жьызэпихум.
- Мыр щыгъат! - сокIийри сэ сыщIопхъуэ.
Мэуз си щхьэр, бауэкIэщIи сохъур.
Сэ собауэ, ещхьу хъуам уIэгъэ,
ауэ сожэ, плъапIэр къэзгъэIэгъуэу.

Слъагъурт щIым щылъ бжэныр, щхьэр къиIэту,
зэрелъэIур и щIэжьейм IукIыну,
бгым къыкъуэплъ я гупым хьыхьэжыну.
IуокIри - къегъэзэж модрейм Iэнкуну,
хэтщ и анэр кьигъэтэджжыжыну.
Сытми, и фIэщ ещIри, щIегъапхъуэ,
ауэ, къэувыIэжурэ, ар къаплъэрт,
нэр хуэзам - къриIуэнтIыкIыу гущIэр.
Сыщынэсым - бжэным и псэр хокIыр.
И щIэжьейм нужьу зэ хуеплъэкIри,
зэтриплащ и нитIыр, цIыхум ещхьу.
Сэ сыщытщ, уназэу си щхьэр, сещIэу.
Уэсым сыхотIысхьэ къаруушэу.
ЗыкъыщысщIэжам - слъытахэм къуэшу
бжэныр яхьт, сащIыгъуу ямыщIэжу.
Куэдрэ сыщысащ, уэгу къащхъуэм сиплъэу.
Сыкъэтэджыжащ дияуэ си лъыр.
Уэгум къохьэ фIыуэ слъагъу пшэ хужьхэр,
ауэ гум щызгъафIэхэм ещхьыжкъым.
Сымылъагъу си унэр яхэтыжу.

И гугъу тщIынкъым абы и щхьэусыгъуэм,
ауэ щыщIэздзауэ мис а махуэм
зым емыщхьу сэ сыхъуащ гумахэ,
псалъэ гуапэ псоми сахуэлъыхъуэу.
ПщIэнукъым уи гъащIэр зыхъуэжынур,
узэрыпсэуам иджыри къэскIэ
нэгъуэщI нэкIэ уезыгъэплъыжынур...
Мес, иджыри цIыхухэр къызэхуосыр.
Е зэбгрыкIыжрэ? Дауэ щытми,
щхьэщэ яхузощI си пащхьэ итхэм.
СызэхэзыщыкIыу сэ къысщыхъуэм
псалъэ щхьэхуэ гуэр къахузолъыхъуэ.

Нэхъыжьыфl, щызокIуэ куэд уи нэгум,
гу лъыстащ уи нэпсыр зэрыбгъэпщкIум.
Къысхуэгъэгъу си псалъэр кIыхь зэрыхъур,
ар нэхъыбэу зэрепхар гурыгъум.
Сыхэтакъым уи гур згъэныкъуэну,
уэ езым пльэгъуари урикъунти.
Нэхъыжьыфl, сыноплъэ сэ уи дежкIэ,
зы гупсысэм адрейр кьытежу.
Сыхуейт нэгъуэщI Iэджи ныбжесIэну.
Уэри сыхуеят сынодэIуэну,
ауэ уи бзэр быдэщ гъэщIэгъуэну.
ЗыхэсщIэнщ уи гъащIэм и нэхъыбэр,
адкIэ сыпсэуну сыкIуэн и пэ.
Уэ утемыгъуащэ дунеижьым,
сэ сыхуэныкъуэнущ уи лъэужьым.

Уэри, си щIалэфI, къэIэтыт уи щхьэр.
Куэд щIэстынт сэ сыщыгъыным уэщхъу.
Ди гупсысэ зэтехуэнкIэ мэхъур,
ар си дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ.
Сызэрыбгъэкъуаншэр защIэу жыIэ,
сэ жысIэнущ сину зэрыхэбгъахъуэр.
Си щIалэфI, уэ зы лъэбакъуэ къэчи,
сэ сынышпежьэнщ, сызэмыплъэкIыу.
УкъызэрыкIуам мыбы и фIыщIэр
зыхуэдизыр сэ фIэкI зым имыщIэ.
Пшэм хэт унэ сэ уэрат щIэзухуэр.
Ар сымыщIэ нобэ жьапщэм здихур.

Нобэ къысфIоблыж мы гукъэкIыжри,
ещхьу гурыIупсыр къыззэрыжэм.
ЛIэщIыгъуитI щызэблэкIа а махуэм
мы си щIыфэр дэтхытхат мымащIэу.
Зым кьыщызгъэщIат сэ илъэс Iэджэ,
ещхьт адрейр щIынальэ сымыщIыхум,
хуейм сыздэIэпхъуэн сыщыпсэуну.
Сыт насыпт абы къыщислъысынур?
Дэнэ нэсклэт сыздынигъэсынур?
Я жэуап а ущIэхэм сылъыхъуэрт.
Ауэ сипхъуэтащ къэса лIэщIыгъуэм,
икIым гу щызигъэхуа кьыпфIэщIрэ.
Сыхуитыжу си гугъат си гъащIэм.
Мы лIэщIыгъуэр къыщIэкIащ нэхъ жэру,
псынщIэу гъэхэр изыгъэщэщ гуэру.
СызэIэбэкIыну сыхунэскъым.
Сэ сызэресар къэскIухьущ лъэсу,
мыр пхрожыр, гъущIыр зэригъэшхыу.
Зэми схуэмыхьыжу срегъэшыр,
ауэ си гур макIуэ, сяпэ ищу,
хуейщ щытыну зэрызесхьэм щыщу.

Си щIыб дэт жыгышхуэр мэгуэавэ,
ари мыщIыкIуфэкIуу хъуащ щхьэщпэщтэ.
АфIэкI сымыпсалъэмэ нэхъ кьищтэу
къысщегъэхьу иджы а гумызагъэм.
Сэри сезэшащ. КъызгуроIуэжыр,
сигу илъ псори нобэ схужьIэнкъым.
ДыщIызэхуэзэн щхьэусыгъуэ диIэу
дызэбгрыкIыжмэ нэхъ къызощтэ.
УпщIэ Iэджи къызэрыпэр сощIэ.
Си щхьэм естыжын зы упщIи сиIэщ.
Дауэ кIуэрэ нобэрей си гъащIэр?
Езым хэсщIыкIыжыр абы мащIэщ.
Зэм зызогъэщхьыжыр сэ кхъухьлъатэм,
нэхъ гъунэгъум фIэкI ямыгъэлъатэм.
Дауэ кIуэрэ нобэрей си гъащIэр?
Гугъэ сиIэщ, сощIэ псэм сигъащIэр.

Нихьэсащ мы бжьыхьэр, щIэх икIынущ.
Къэс щIымахуэр кIыхьу къыщIэкIынущ,
ар къаIуатэ я щытыкIэм жыгхэм.
Си нэр зэтызопIэ сэ щIэх-щIэхыу,
гъащIэ зыздэскIуахэм соджэж щэхуу.
Я нэхъыбэр къыпхыжыну дэнэ.
Нобэ къысхуэкIуахэри фызипсэщ,
гугъэ фхузогъафIэ си фIэщIыпсу.
Сыхуеят гупсэхуу сыфхэплъэну,
зырызыхэу фи нэм сыщIэпхъэну,
ауэ дэнэт - фыхэт хуэдэщ пшагъуэм,
ящэ итхэрщ Iупщ зэкIэ слъагъур.
ЗэкIэщIихумэ пшагъуэр нэхъ шэджагъуэу,
сэ къэсщIэнущ сыкъызыхуэнэнур.
Къэсльагъунущ а сызыфIэлIыкIри
зэрыкIуэжыр, пIащIэу, къемыплъэкIыу,
тету къызидикIамкIэ зышэж лъагъуэм.

Экономикэ Политикэ
Махэуку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Зэіущэхэр

«Кавказым уи мылъку хэлъхьэ»

Апхуэдэ фІэщыгъэ иІэу Гроэнэм иджыблагъэ зэІущІэшхэу щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хьыхьэ хэгъэхуэм я экономикэм зэрызебгъэужьыфынум теухуауэ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Чеботарёв Сергей кьызэрыхигъэщащи, КИФДІ-м гъэ къэси ахъшэ кьыхуаутІыпщ, ауэ ахэр нэхъыбэу зытрагъэкІуадэр социальнэ Іуэхуэхэр зэфІэхынрыщ. Ищхъэкіэ зэпымыуэ апхуэдэу екІуэкІ хъунукъым, экономикэм зегъэужьын хуейщ, цІыхухэм лжьапІэ яІэн, щыІэкІэ-псэукІэр егъэфІэкІуэным я мылъку хэгъэгухэми зэрычъэтыщІэхэми халъхьэфын хуэдэу. Къапщтэмэ, 2018 гъэм проект 14 кьыхахащ етІанэгъэ зэфІэгъэкІынкІэ хуейуэ.

КИФДІ-м и хэгъэгухэм инвесторхэм Іуэху дащІэфын щхьэкІэ ильэс къэс кІрат сом меларди 7-м нэс. Абы и нкьуэр хэгъэгухэм заужьыныкІэ я корпорацІэхэм хуагъэзэ, проектхэм щІыналъэ, федеральнэ мылъкуКІэ елэжьын папщІэ. КьыщынэмыщІауэ, дэтхэнэ щІыналъэми сом мелуан 500 ират. Проектхэр гъэзэщІа хъуным мылъку хелъхьэ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэми.

Апхуэдэ зэдэлэжьэкІэм къыпэкІуэр нэрылъагъущ. Псалъэм папщІэ, гъатхэкІуам Ингушыем къыщызэІуахащ, алюминым пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыхащыкІ завод. Ар яухуэным теКІуадащ сом мелуан 436,7-рэ. А заводым лжьапІэ щалэ хъуащ цІыху 220-м. Осетие Ищхъэрэ-Аланием щаухущ (сом мелуани 100 ихьу) хьэщэпэщ гъэгъущыпІэ, хъумапІэ.

ХьэрычэтыщІэхэм Гроэнэм щагъэлъэгъуащ я проектыщІэхэр, «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм зегъэужьын» къэрал программэм хагъэхьэн мурад яІэу. Псалъэм папщІэ, дагъыстэн компаниеми я лІыкІуэм кьихьат гипсрэ гипс зыхэлъ псэуалъэхъэрэ къыщыщІагъэкІыну заводым и проект. Кьэрэшей-Шэрджэсымрэ Ставрополь краймрэ хуейщ псынщІэу зызыужь жыг хадэхэм халъхьэн мылъку.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и кьуэдзэ Байсултанов Одес зэрыжиІащи, «Агропромыш тебГъэщІыныр тэмэмкьым, ар арыншами цІыхухэр нэхъ зыхуэІэкІуэльакІуэ лэжьыгъэщ. Мылъкур зытегъэкІуадапхъэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ зэщІэуэзда, щІэныгъэ зиІэ цІыхухэр щылажьэн заводэмрэ фабрикэхэмрэщ. Апхуэдэ проектхэращ ялэ идгъэщІыну. Зым ищІэн, гупсысыфам хуэдэ нэгъэущІым щІищІэн щыІэкъым, зыми игу зыхунэмысар къэзыгупсысырщ зэманым дэгъуэгурыкІуэфщ, уеблэмэ ялэ ищыфщ. Ахэрщ экономикэм зеузгъэужьынырщ».

Гроэнэм щекІуэкІа зэІущІэм мыхьэнэуэ иІэм лейуэ дытемыпсэлъыхьыми хъунущ, Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм хуэщхьэпэну псоми дыщыгуфІыкІыну дихьэзэрыщи. ДэщІызгъужьну сызыхуейрат: федеральнэ щІыналъэ псоми 2018 гъэм и ялэ мазибгъуэм къуибыдзэу инвестициу яІэрыхьар кьапщтэмэ, нэхъыбэ дыдэ зратар Москвадж (сом мелард 2639,2-рэ), нэхъ мащІэ дыдэр Кавказ Ищхъэрэщ (сом мелард 281,1-рэ). Абы тепщІыхьмэ, ди щІыналъэм и экономикэм зи мылъку кьыхэзыльхьэну хуейкэр мащІэщ, щІытемыгушхуэм и щхьэусыгъэрэ куздыкІейщ.

Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм и мызакъуэу, и цІэр фІыкІэ зыгъэІун нэгъэущІ зы Іуэхугъуи щыІэщ. Иджыблагъэ УФ-м и Правительствэм игъэбелджылащ къэралым и санаторхэм зыкъаужьыжьын папщІэ зэфІэхын хуей Іуэхугъуэкэр. СССР-м и лъэхъэнэм узыкІащтэр щрагъэфІакІуэ санаторхэм я нэхъыбэр здащыІар Краснодар крайм, Кавминводхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я кІалэхэращи, дыщыгуфІ хуну кьыщІэкІынщ Долинск псэщІэ кьыхьыхьэжьыну. Президентым къахуигъэува кьалэнэкэр щыІэщ зэфІахын хуейуэ: япэрауэ, архитектурэ и лъэныкъуэкІэ Іуэхуэзэджэу ящІауэ щыта санаторхэм щелэжькІэ, абыхэм яІа теплъэр кьыхуэгъэнэнырщ; етІуанэрауэ, дунейм щыІэрыІуэ «медицинэ туризм» жьыхуаІэм сыт и лъэныкъуэкІи санаторхэр хуэгъэхъэзырын, Европэм и туроператорхэм щыхуэкэр здагъакІуэхэм Урысей Федерацэри хьыхьэфын хуэдэу. А лэжьыгъэр зэрежьам и щыхьэтщ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: Кавминводхэм я санаториущ хагъэхьащ «Национальная система сертификации санаторно-курортных организаций» жьыхуаІэм. Урысейм щыщу пщым а сертификатэр ирагъуэ аращи, блыр Алтай краймкІ кьихьэхуфащ. А сертификатэр кІуатын щхьэкІэ щІыхухэм я узынщагъэм зэрыкІэлъыплъым, зэрагъашхэм, санаторэм и унэм и щытыкІэм, щІыуэпсым и кьулеягъым (щІыхум хуэщхьэпэну) теуху мардэ пыухыкІахэр щыІэщи, а псори уи зэфІэкІым кьихьан хуейщ.

Гурыуэгъуэщ мы лжьыбгъэр зэрыныр, абы кьэрал-уней мылъкукІэ фІэкІа узэрыпэмылъэщынур. Санаторэхэр европей мардэм хуагъакІуэрэ абы зыщыбгъэпсэхуныр льапІэ хъумэ, щІыхухэм я нэхъыбэр пэмыльэщыжьыри хэльщи, ар Правительствэм хэкІыпІэ кьыхьухигъэутын хуей Іуэхущ.

«Къуажэм щылажьэ егъэджакІуэ» программэ щаубзыхуащ Башкириемм

● Жэрдэм

Урысей Федерацэм 2012 гъэм щаублащ «Земский доктор» программэр. А лэжьыгъэр ужьыхми, аргуэру къагъэщІэжьми, ильэсих льандэрэ иокІуэкІри, кІуажэхэм дохутыру щылажьэну кІуахэм я бжыгъэр мин 15 хъущ. ЗэрыфщІащи, дэтхэнэ дохутыр ныбжьыщІэми сом мелуан ирату къыщІадзат, ауэ здэкІуэ щыпІэм елъытауэ, иджы ар сом мелуани 3-м щІигъуащ. Дохутырым и ныбжьын хуейри ильэс 45-м нэс ягъэкІуэтащ, а Іэщ ІыгъэлІэкр зыхуримыкІуэ кІуажэхэм кІуэну хуэрдэм зыщыбнум и ныбжьыр зэран кьыхуэмыхъун папщІэ.

ПХУЖЫІЭНУКЪЫМ мы программэр тыншу кІуэтауэ, ауэ кІуажэ пхыдза гуэрхэм цІыхухэр зэжьлІэфын дохутыр дэс хъуамэ, ари куэд и уасэщ.

Дохутырхэм хуэдабзэу, кІуажэхэр щощІэ егъэджакІуэхэм. Къапщтэмэ, Башкорстан Республикэм и унафэщІхэм абы хэкІыпІэу кьыхуагъуэтар «Кьуажэм щылажьэ егъэджакІуэ» программэ ягъэбелджылыу ар ягъэзащІэжьынущ.

Сыткіэ кьыдахъэхыфыну егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэр? Щыпсэун унэкІэ, банкым куэд щхьэщамытыныкІыу кьаритыну щІыхуэмкІэ. Республикэр зыщыщІэр егъэджакІуэ 220-рэ хуэдизщ. Ахэр щапхъэхъэзыр университети колледжи яІэщ, ауэ нэхъыбэр ирилажьэкъым зыхуэдэжа Іэщ Іагъэм, абы и щхьэусыгъуэри улахуэр зэрымащІэрщ. Зэрыжьэмкіэ, студентхэм ящыщ куэдым я мурадщ мы хэкІыпІэр кьагъэсэбэну нэхъ псынщІэІуэу лъэ быдзкІэ гъащІэм хэувэну. Псом хуэмыдэу абы щогуфІыкІ къуажэхэм кьикІауэ еджэхэр. «Дгъэзэжмэ, дызыщыпсэун унэ, дызыхуеинур кьызэрыщІэхун ахъшэ кьыдатынымэ, нэхъыбэ кьэтлъыхъужьыкъым», - жызыІэр магащІэкъым.

Щыхъу бжыгъэ гуэрым нэхъ мыхъуми я щыІэкІэ-псэукІэр ягъэфІакІуэ сыт хуэдэ Іуэхуми ущоугуфІыкІ, ауэ УФ-р зэрыиным, абы и щыналъэхэр мылъкурэ хэкІыпІэу яІэмкІэ зэрызэхэумыдэм тепщІыхьмэ, нэгъэущІу пІэрэт щІэн хуейр, жьбОІэ. Псалъэм папщІэ, илъэс зыбжанэ хъуащ УФ-м и Къэрал Думэм жэрдэм кьызэрыщыхалъхьэрэ егъэджакІуэхэм «къэрал Іэнатіэ зыІыгъ» статусыр етын зэрыхуейм теуху уэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а жэрдэмыр Хабзэм хуэкІуакъым Ауэ, депутатхэм а Іуэхур кьыщІэтакІэ, дыщыгугъынщ иджыри абы кьытрагъэзэжыну.

Къэрал Іэнатіэм пэрыту ябж, зи улахуэри зи пенсэри нэхъ ин кьупльэкъущІэхэм ящІэмрэ егъэджакІуэхэм, дохутырхэм я лэжьыгъэмрэ тэрэзэм теплъхьэмэ, си фІэщ хъурэкъым иужьрейхэм «ирамышэхьну».

Аращи, къэрал кьулыкъущІэу кьалъытэ хъуну егъэджакІуэхэр, дохутырхэр я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ елъытауэ кьыхахмэ, а Іуэм кьыщІэкІынт, щыхъэм я щІэныгъэмрэ узынщагъэмрэ нэхъыбэ тригъэкІуадэтэмэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Унагъуэ

Сабийм сыт и лажьэр?

**Ялэм хьэгъуэлІыгъуэм трагъэкІуадэр мащІэу, унагъуэ зэтекъутэжхэр закъуэтІакъуэу щытамэ, ди зэманым нысашэр екъэжауэ ящІрэ зэрышаитІыр куэд дэмыкІыеу кьыззрехьэжьэу апхуэдэщ. Си анэшхуэм жиІэрт ялэм къуажэм щыщІ зы къикІыжамэ, ар зэрыжьлэу къащыщІа емыкІуу кьалъытэу щытауэ. Абы лейуэ утемыпсэлъыхьыжми хъунущ, зэманым елъытауэ щІыхухэм я гупсысэкІэми, хьэлэщэми, ди лъэпкъым нэхъ теухуауэ кьапщтэмэ, адыгагъэмэ зехъуэжри. Ауэ сыт хуэдэ зэманми зызымыкъуэжу къэнэн хуей щыІэт - ар сабийм дызэрыхущытырщ. Зэщхьэгъусэхэр ялэ илъэсым зэбгъэдэмыкъужамэ, псалъэ кьыгурыІуэу, папэ, мамэ, дадэ, нанэ, адэ щыпхъу, адэ кьуэш (щыхубзми и лъэныкъуэри апхуэдизэу) иІэрэ, а псоми я Іэфі зыхэзыщІэу щІэзыдза, нэгъэущІу жыпІэнымэ, зи дуней щыкІу зиІэ хьэ сабийм а псор щыфІакъутэ кьохъу балигъэм я зэранкІэ.

● Зэхыхьэхэр

Нькъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм

Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм концерт гукъинэж щекІуэкІащ, Нькъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу. Ар кьыззрагъэпэщащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Орешка» нэгуэныжь центрымрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабии 120-рэ. Таурыхьэм кьыхэщ лІыхъужьхэм я фащэхэр зыщыгъ артистхэм цІыкІуэм я нэгу зрагъэужьащ, уэрэдхэм ирагъэдэІуащ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я къафэхэр ягъэззэщащ. Концерт нэужьым цІыкІуэм саугъэтэхэр иратащ, Сочэ къалэм «Мост в Нарнию» и жылагъуэ зэгучьэныгъэм кьыбгъэдэкІыу.

Дыгъэгъаззм и 5-м, «Музей для всех» урысейпсо Іуэхум хьихьэу, КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм Вовчок Марко и цІэр зезыхьэ унэ-музейм зэхьыхьэ гуапэ кьыщІэзригъэпэщащ, КЪБР-м и Лъэпкъ музейр и дэІэпыкъуэгъуу. Зи узынщагъэм кьимыхь ныбжьыщІэхэм я махуэм щагъэгъэзащ Вовчок и гъащІэмрэ гъащІэмрэ.

Дыгъэгъаззм и 7-м «Вместе к вершинам» выставкэр кьыззрагъэпэщащ. Жулин Виктор 2015 гъэм щыщІэдзауэ нобэр кьыздэсым триха и суэтхэр абы щагъэлъэгъуащ.

- Дэтхэнэ зы сабий дыгъэми гъащІэм и унэтІыныгъэ гуэрым пхудегъэхьэхынущ, зэманрэ кьарурэ тебгъэкІуадэмэ. Ящыныкъуэхэм спортым, сурэт щІыным, уэрэд жыІэным я зэфІэкІхэр кьыщагъэльагъуэ, - жиІащ къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ **Бэдракъ Іэминэ**.

Зэхыхьэхэм хэтащ КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Ацкъан Ратмир**, Къэрал, муниципальнэ Іуэхутъхэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхуащІэ центрым и унафэщІ **АфІэунэ Аслъэн**, КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм и кьудамэхэм я унафэщІхэу **Къуэжьокъуэ Мадинэрэ Кьыщыкъуэ Дианэрэ**, Нькъуэдыкъуэхэм я дэІэпыкъуэгъу «Возрождение» жылагъуэ зэгучьэныгъэм и унафэщІ **Гуппоев Тимур** сымэ, нэгъэущІхэри.

Нькъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэр республикэм и районхэми щагъэзэщІащ. УзрэджьІакІуэ, кьэфакІуэ цІэрыІуэхэм зи узынщагъэм кьимыхьхэм ар нэхъ щІэщІагъуэу кьхьухуэзрагъэпэщащ, я гукъыдэжым хагъэхъуащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Елъхъэн Артур** *трихащ.*

● Шынагъуэншагъэ

МафІэм зыщыфхъумэ

Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэр мафІэс къэхъунымкІэ шынагъуэхэм ящыщу къалъытэ, дунейр нэхъ щІыІэ зэрыхъум икІи пэшхэр кьызэрагъэхуабэ Іэмэпсымэхэр щагъэувкІэ, ахэр кьыщагъэсэбэпкІэ хабзэм зэрытекІырщ.

2018 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым мафІэс 460-рэ кьыщыхъуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ 12-кІэ нэхъ мащІэщ. МафІэсхэм кьыщрагъэлащ цІыху 34-рэ, фабжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъэутащ цІыху 41-м. Ди жагъуэ зэрыхъущи, цІыхуиплІ хэкІуэдащ. МафІэсхэм кьрикІащ сом мелуан 93-м щІигъу зыхуэзэ хэщІыныгъэ, сом мелуани 1317-рэ я уасэ кьрагъэлащ.

МафІэсхэр кьызыхэкІхэм уриплъэжмэ, адрей илъэсхэми хуэдэу, я зэхуэдитІым щІигъур, процент 52-м нэблагъэр, кьыщыхъуар псэупІэхэрщ. Нэхъыбэр кьохъу цІыхухэм я зэранкІэ, мафІэсым зыщыхъумэныкІэ хабзэм зэрыхамыщІыкІым, ар кьызэрызэпаудым кьыхэкІыу.

Зэи зыщымыгъэгъупщэ мафІэм удэджэгу, сакьыныгъэр уэим пщІы зэрымыхъунур, электроІэмэпсымэхэр хуабэ кьэзыт Іэмэпсымэхэмрэ кьыщыгъэсэбэпкІэ мафІэсым ущызыхъумэ хабзэм фытетын зэрыхуейр.

Зэи кьэвмыгъэсэбэп зи кІапсэхэр мытэмэм Іэмэпсымэхэр, пэшхэр зэрыбгъэпль электрохьэкІэр щыбгъэлажьэкІэ фысакъ, уэздыгъэ, газ приборхэр фыкІэлъымыплІыу кьэвмыгъанэ.

Сабийхэм фи нэІэ ятевгъэт, мафІэр зэрышынагъуэр яжефІэ.

ЩІэх-щІэхыурэ кьэфпщытэ хьэжкумрэ Іугъуэ икІыпІэмрэ я щытыкІэр. Фыщыжей пэшым тутын фыщемыфэ.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ апІэ.

Сом мелуани 3-рэ мин 650-м нэблагъэ

Зэратх Іэмэпсымэхэм кьыззрагъэлъэгъуамкІэ, дыгъэгъазэм и 1 - 7-эм кьриубыдэу гъэгум зэрыщыІэкІуэ хабзэр 6835-рэ кьыззэпаудащ. Псори зэхэту кьуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 4-рэ мин 419-м щІигъу. А махуэхэм кьриубыдэу сом мелуани 3-рэ 649 350-рэ япшынащ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м кьриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ кьуэдыр хабзэм игъэувэ пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр) кьриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдиткІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Кьуэдыр тпелмэ зыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м фигу кьегъэкІыжьыкІ:

- рулым дэсхэм гъэугъэм зэрыщыІэкІуэ хабзэр уэим фымыщІ!

- административнэ кьуэдыхэр и чэзум фыпшынкІ.

БАХЪСЭН Ланэ.

«Къуажэм щылажьэ егъэджакІуэ» программэ щаубзыхуащ Башкириемм

Дохутырхэм хуэдабзэу, кІуажэхэр щощІэ егъэджакІуэхэм. Къапщтэмэ, Башкорстан Республикэм и унафэщІхэм абы хэкІыпІэу кьыхуагъуэтар «Кьуажэм щылажьэ егъэджакІуэ» программэ ягъэбелджылыу ар ягъэззэщІэжьынущ.

Сыткіэ кьыдахъэхыфыну егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэр? Щыпсэун унэкІэ, банкым куэд щхьэщамытыныкІыу кьаритыну щІыхуэмкІэ. Республикэр зыщыщІэр егъэджакІуэ 220-рэ хуэдизщ. Ахэр щапхъэхъэзыр университети колледжи яІэщ, ауэ нэхъыбэр ирилажьэкъым зыхуэдэжа Іэщ Іагъэм, абы и щхьэусыгъуэри улахуэр зэрымащІэрщ. Зэрыжьэмкіэ, студентхэм ящыщ куэдым я мурадщ мы хэкІыпІэр кьагъэсэбэну нэхъ псынщІэІуэу лъэ быдзкІэ гъащІэм хэувэну. Псом хуэмыдэу абы щогуфІыкІ къуажэхэм кьикІауэ еджэхэр. «Дгъэзэжмэ, дызыщыпсэун унэ, дызыхуеинур кьызэрыщІэхун ахъшэ кьыдатынымэ, нэхъыбэ кьэтлъыхъужьыкъым», - жызыІэр магащІэкъым.

Щыхъу бжыгъэ гуэрым нэхъ мыхъуми я щыІэкІэ-псэукІэр ягъэфІакІуэ сыт хуэдэ Іуэхуми ущоугуфІыкІ, ауэ УФ-р зэрыиным, абы и щыналъэхэр мылъкурэ хэкІыпІэу яІэмкІэ зэрызэхэумыдэм тепщІыхьмэ, нэгъэущІу пІэрэт щІэн хуейр, жьбОІэ. Псалъэм папщІэ, илъэс зыбжанэ хъуащ УФ-м и Къэрал Думэм жэрдэм кьызэрыщыхалъхьэрэ егъэджакІуэхэм «къэрал Іэнатіэ зыІыгъ» статусыр етын зэрыхуейм теуху уэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а жэрдэмыр Хабзэм хуэкІуакъым Ауэ, депутатхэм а Іуэхур кьыщІэтакІэ, дыщыгугъынщ иджыри абы кьытрагъэзэжыну.

Къэрал Іэнатіэм пэрыту ябж, зи улахуэри зи пенсэри нэхъ ин кьупльэкъущІэхэм ящІэмрэ егъэджакІуэхэм, дохутырхэм я лэжьыгъэмрэ тэрэзэм теплъхьэмэ, си фІэщ хъурэкъым иужьрейхэм «ирамышэхьну».

Аращи, къэрал кьулыкъущІэу кьалъытэ хъуну егъэджакІуэхэр, дохутырхэр я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ елъытауэ кьыхахмэ, а Іуэм кьыщІэкІынт, щыхъэм я щІэныгъэмрэ узынщагъэмрэ нэхъыбэ тригъэкІуадэтэмэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Іэпщэрыбанэ зэзауэ

Медаль зэмылІэужьыгъуищ

Красноярск дэт «Сопка» спорт комплексым щекІуэкІащ Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ Урысейм и чемпионат. Абы хэтащ къэралым и щІыналъэ 45-м щыщ спортсмен 250-м нэблагъэ.

ЗИ ХЬЭПЫАГЪЫР килограмм 80-м нэблагъэхэм я гупым щрагъэкІуэкІа зэІущІэкъым шэч кьызыгъмыкъэн текІуэнгъэхэр кьыщІэхьри, финалым ящІэщ Беслъэней Нурмухьэмэд. КІэух зэпэщІэтыныгъэм абы кьыщыпэщІэхуащ Кострома къикІа Кушнерик Илья. ЗэІущІэм и етІуанэ дакъикъэр щІидза къудейуэ Беслъэней и хьэхуэрэгъэр нокаутым игъэкІуащ икІи дыщэ медаль зыІэригъэхьащ.

Зи хьэлъагъэр килограмм 90-м щІигъуэм я зэпэщІэтыныгъэм пашэныгъэр щиубыдащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мырзэкъан Азэмэт. Абы финалым щыхигъэщІащ Тольяттти щыщ Солдаткин Александр.

Адыгэ щІалэхэм зымащІэкІэ кьакІэрыхуащ «Единство» спорт клубым и гъэсэн ди лъахэгъу Кныш Розэ. Абы дыжьын медалыр кьихьащ икІи Урысейм спортымкІэ и мастерым и мардэр игъэзэщІащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, Беслъэней Нурмухьэмэд щэнэрп дунейпсо чемпионщ, Мырзэкъан Азэмэт - дунейпсо чемпионщ, Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ тІэунэйрэ абсолютнэ чемпионщ.

Спортсменхэр ягъасэ Мамхэгъэ Хьэчимрэ Іэдэмрэ, Бэрэгъун Зубер сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Бжьашокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэныджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхьуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм эдэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хьуэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъхэм, кьыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъуэмэныкІэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КЪБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *редакторыу* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3, 5-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІау* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариан-нэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.119 ● Заказ №1243